**Нэгумэм и гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ**

2-нэ нап.

**Ди лъэпкъ макъамэр жыжьэ щоIу**

3-нэ нап.

**Насыпыщхуэщ узэгурыIуэныр**

4-нэ нап.

**«ЩыкIураш»**

4-нэ нап.


*ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ*

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

*КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ*
*ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР*

№131 (24.725) ● 2024 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 31, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ


## Зэманым къытхуигъэув къалэнхэр мащIэкъым

**УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрийрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ жэпуэгъуэм и 29-м Псыхуабэ лэжьыгъэ IуэхукIэ щызэхуэзащ.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ ди республикэм зэманым къыхуигъэув къалэнхэр зэригъэзащIэм. ЦIыхубэр зыхэпсэукI инфраструктурэми езы щIыналъэми зауж ьынымкIэ тегъэщIапIэ хъуа проектхэм я цIэ къриIуащ КIуэкIуэ Казбек, блэкIа мазибгъум КъБР-м цIыхубэ гъащIэмрэ экономикэмрэ щефIэкIуэным епхауэ щызэфIагъэкIахэм я гугъу ищIащ.

Промышленнэ производствэм и нагъыщэр процента 117-м нэсащ. Илъэс блэкIам къыхалъхьа инвестицэхэм елъытауэ, мыгъэрейхэр процент 33,2-кIэ хэхъуащ, ар ахъшэкIэ сом мелард 19,6-м нос.

ЩIышылэ-бадзэуэгъуэ мазэхэм я зэхуакум къриубыдэу, ику ит улахуэр процент 16,5-кIэ хэхъуащ, сом 45027-м нэсащ. ЯIэрыхьэ улахуэри, усасэхэм зэрызихъуэжым тещIыхьауэ, процента 8,8-кIэ хэхъуащ. КъызэщIэубыдауэ къапщтэмэ, зы цIыхум хэхъуэу иIэр процента 10,1-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

КуэдкIэ ар и фIыгъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр УФ-м и Президентым къыхилъхьа проектыщIэхэмрэ программэхэмрэ зэрыхэтым, республикэм и бюджетым зэрыхэхъуэм, унагъуэшхуэхэм зэрызыщIагъэкъуэм, хьэрычэтыщIэхэм зэрадэIэпыкъум, цIыхубэ гъащIэм зэрызиужьым.

Республикэм лъэпкъ проектхэмкIэ зыхуигъэувыжа къалэнхэр процент 99,9-кIэ игъэзэщIащ. КъБР-м а лъэныкъуэмкIэ УФ-м ебланэ увыпIэр щиIыгъщ, КИФЩI-м - япэ увыпIэр.

Дызэрыт илъэсым лъэпкъ проектхэм хухаха ахъшэр сом меларди 10,7-м нос. Мы гъэм яутIыпщыну загъэхьэзыр объект 64-рэ, абыхэм ящыщу 30 хьэзырщ.

Мазибгъу блэкIам къриубыдэу республикэм и бюджетым и хэхъуэр процента 119-м нэсащ. МазипщIым ар иджыри сом меларди 3-кIэ хагъэхъуэну щогугъ, илъэс блэкIам елъытауэ. Республикэм и хэхъуэр илъэсым и кIэм сом мелард 20-м нагъэсыну я мурадщ.

Мыхьэнэшхуэ зрат Iуэхухэм язщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зыщIагъэкъуэныр. «Нэхъапэу къалэн зыщытщIыжа псори догъэзащIэ, псапащIэ машинэхэр и чэзум доутIыпщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЗэIущIэм и кIэм КIуэкIуэ Казбек Чайкэ Юрий фIыщIэ хуищIащ республикэм гулъытэ къызэрыхуищIым щхьэкIэ, цIыхухэм я гъащIэр езыгъэфIэкIуэну псомкIи къызэрыпэджэжри къыхигъэщащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ*

## ЯхузэфIэмыкIа гуэрхэр къыхэхуами...

**УФ-м и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий жэпуэгъуэм и 29-м езыр зи унафэщI Советым и зэIущIэ Псыхуабэ щригъэкIуэкIащ.**

ЗИ гугъу тщIы зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеоконференц IэмалкIэ хэтащ. Зэхуэзахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ, щIыналъэ проектхэр зэрылажьэм, къинэмыщIауэ 2030 гъэ пщIондэ къыхалъхьэну лъэпкъ проектыщIэхэм тепсэлъыхьащ.

Чайкэ Юрий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ зи гугъу ящI къудамэхэр къэралым нэхъ пэрытхэм зэрахибжэр. «Илъэс блэкIахэм КИФЩI-м хиубыдэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм, къэрал къулыкъущIэхэм ечэнджэщурэ зэрылэжьам и фIыгъэкIэ, Iуэху псори зыхуей хуэзауэ щызэфIахыу хъуащ, ар узыщыгуфIыкIыпхъэ гуэрщ», - жиIащ Чайкэ Юрий.

Президентым и лIыкIуэр щIыналъэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэм щытхъуащ, къалэн зыщащIыжахэр фIыуэ зэрагъэзащIэм къыхэкIыу, яхузэфIэмыкIа гуэрхэр къыхэхуэми, ахэри гу зылъытапхъэм уи нэр техуэнымкIэ дерс щхьэпэ мэхъу.

КИФЩI-м и щIыналъэ псори нэхъыфIу токIэ къызэгъэпэща хъун папащIэ, ар зэбгрызыша зэрыхъум кIэлъыплъыну IуэхущIапIэ щхьэхуэ къыщызэIуахынущ дяпэкIэ. Абы и фIыгъэкIэ токри цIыхухэм зэпыу имыIэу къагъэщхьэпэфынущ.

ЗэIущIэм хэтащ Полномочнэ лIыкIуэм и советым хэтхэр, щIыналъэхэм я унафэщIхэр, къэрагъэблэгъа къулыкъущIэхэр, Къэрал Думэм жылагъуэ гъащIэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я Iуэху щызезыгъакIуэ комитетым и унафэщI Тимофеевэ Ольгэ, УФ-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Фисенкэ Виктор, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Николаев Андрей, энергетикэмкIэ министрым и къуэдзэ Грабчак Евгений, УФ-м и Правительствэм проектхэмкIэ и департаментым и унафэщIым и къалэныр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Ткаченкэ Сергей, «Россети» зэгухьэныгъэм и унафэщI Рюмин Андрей сымэ.

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министру гъэувын **Лисун Еленэ Александр и пхъур**.
2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м*
*№119-УГ*

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министру гъэувын **Езауэ Анзор Къылышбий и къуэр**.
2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м*
*№120-УГ*

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министру гъэувын **Тогузаев ТIэхьир Магомед и къуэр**.
2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м*
*№121-УГ*

## ЩIэгъэхуэбжьауэ йокIуэкI

**Лъэпкъ проектхэм хэту мы гъэм зэфIагъэкIын хуей гъуэгу зыбжанэм щекIуэкI ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зригъэлъэгъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

«ГЪУЭГУФI шынагъуэншэхэр» проектым ипкъ иткIэ, Аруан районым хыхьэ, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэ дэлъэдапIэм хуэзэу Шэрэдж псыежэхым телъ, метр 90 зи кIыхьагъ лъэмыжыр зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ.

Езы къуажэм и кIуэцIым щIыналъэ гъуэгу фондым и мылъкум къыхэкI ахъшэкIэ уэрам нэхъыщхьэхэу Ленинымрэ Сэралъпымрэ я цIэхэр зезыхьэхэр зэIузэпэщ ящIащ, километри 9-м нэсу.

Гъуэгухэр зэрызэрагъэзэхуам нэмыщI, абыхэм уэздыгъэхэр ирагъэувэкIащ, къэувыIэпIэщIэхэр хуащIащ, зэблэкIыгъуафIэ зыщI нагъыщэхэр хатIащ. А уэрамитIым тетщ щэнхабзэмкIэ унэри, амбулаторэри, школри, сабий IыгъыпIэри. НэхъапэIуэкIэ къуажэм республикэм и бюджетым къыхэкI ахъшэкIэ школыр щызэрахьащ, лъэпкъ проект пэрытымкIэ щэнхабзэмкIэ унэр зыхуей хуагъэзащ. Гъуэгу ухуэныгъэхэм епха проектхэр къагъэщхьэпэкIэрэ, Аруан районым иужьрей илъэсихым къриубыдэу километр 30-м нэс зэIузэпэщ щащIыжакIэщ.

Егъэджэныгъэм епха ухуэныгъэхэр зэгъэпэщыжыным хуэунэтIа проектымкIэ районым школ 11 щызэрахьащ, иджыри 4-м йолэжь. Псынабэ школым ухуэныгъэщIэ хуащIащ. ЩэнхабзэмкIэ унищ зэрахьащ. «Узыншагъэм кIэлъыплъын» проектымкIэ Шэрэдж Ищхъэрэмрэ Старэ Шэрэджрэ амбулаторэхэр щауухуэн щIадзащ, тIури 2025 гъэм яухынущ. Лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ псы зэбгрышын, цIыхубэ зэхэзекIуапIэхэр зыхуей хуэгъэзэн и лъэныкъуэкIэ.

Май районым КIуэкIуэ Казбек щызригъэлъэгъуащ Май - Заречнэ - Ново - Ивановскэ машинэ гъуэгушхуэр, ар Налшык кIуэ гъуэгум хохьэж. Май къалэм и кIуэцIым километри 10-м нэс Гагариным и цIэр зезыхьэ уэрамыр зэIузэпэщ щащIащ, ар гъунэгъу жылагъуэхэу Красная Полянэ, Право-Урванскэ, Ново-Ивановскэм лъоIэс.

«Зи ужь дихьа лэжьыгъэ псоми ди Президент Путин Владимир къыхилъхьа лъэпкъ проектыщIэхэм щыпытщэнущ», - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм напэкIуэцIым.

## Лэскэн щIыналъэм и гъуэгуфIхэр

**«ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэу Лэскэн щIыналъэм и Лэскэн Езанэ, Лэскэн Ипщэ, Ташлы-Тала, Хазнидон къуажэхэр зэпызыщIэ автомобиль гъуэгур 2025 гъэм къызыхуэтыншэу къызэрагъэпэщыжынущ. Псори зэхэту абы километри 3,1-рэ и кIыхьагъщ.**

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР щекIуэкIыну, Лениниым и цIэр зезыхьэ уэрамым тетщ курыт еджапIэр, сабий садыр, фельдшер-акушер пунктыр, пощтыр, нэгъуэщIхэри.

Республикэм щынэхъ пхырыдза къуажэхэм ящыщ Ташлы-Тала жылэм и автомобиль гъуэгур иужьрей заманым щыIэ мардэм къитIэсэжыртэкъым, зэтекъутат икIи ущызекIуэну шынагъуэт. Иджы гъуэгум елэжьхэм къапэщылъщ ар къызэрагъэпэщыжыну. ЯпэщIыкIэ асфальтыжьыр тратхъунщIыкIынурэ абы и лъабжьэр ягъэбыдэнущ, нэхъ бгъуафIэ ящIа нэужькIэ, асфальтрэ бетонрэ зэхэлъу тIуащIэу тралъхьэжынущ. Абы нэмыщI, псыежэхыпIэхэр хуащIынущ, лъэс лъагъуэхэр щаукъуэдиинущ, социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэм я бжэIупэхэр къращIыкIынущ.

Апхуэдэуи, япэм щымыIауэ, иджырей уэздыгъэхэр ирикIуэу щыпадзэнущ, гъуэгу дамыгъэхэр щагъэувынущ, зэхыхьэпIэ-зэхэкIыпIэхэр къыхагъэщхьэхукIынущ, къэухьхэр ягъэувынущ.

Лэжьыгъэхэм щIадзэнущ 2025 гъэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщIэр зэрырагъажьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщыжащ автомобиль гъуэгуу километр 1128-рэ, абы щыщу километр 90-м щIигъур мы гъэм, иджырей уэздыгъэхэр щыпадзащ километр 374-м.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## Ди къарур зэщIэдгъэуIуэу

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Тренерым и махуэм ирихьэлIэу яхуэзащ «Сэ сытренерщ» япэ республикэ егъэджэныгъэ форумым хэтхэм. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым физкультурэмрэ спортымкIэ зыщегъэужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм.**

ЗЭIУЩIЭР щекIуэкIащ Налшык къалэ дэт, Къалэн куэд щагъэзащIэ центрым. Абы хэтащ тренеру, чемпиону, щIыналъэ спорт федерацэхэм я унафэщIу 50-м щIигъу.

«Спортым дихьэх щIалэгъуалэм я гъащIэм тренерым увыпIэ щхьэхуэ щеубыд, ныбжьыщIэхэм я дежкIэ абы и псалъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Нобэ фэ щIалэгъуалэр гъэсэнымкIэ къалэнышхуэ фи пщэ къыдохуэ икIи абы хьарзынэу фыполъэщ. Ауэ дэ дыхуейт а лэжьыгъэр щIэдгъэхуэбжьэну, дунейм щекIуэкI зэпщIэтыныгъэхэр Iуэхум къыхэлъхьэтауэ нэхъ жыджэру абы гулъытэ хуэтщIыну. Дэ ди къарур зэщIэдгъэуIуэу ди хабзэм къемызэгъ гупсысэхэм дазэрыпэщIэтыным дыхущIэкъупхъэщ. Нобэрей форумыр абы и щIэдзапIэу къызолъытэ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ республикэм урысейпсо, дунейпсо чемпионхэр, спортсмен цIэрыIуэхэр зыгъэса тренер хьарзынэхэр мымащIэу зэрыщылажьэр. Иужьрей зэманыр къапщтэмэ, спортымкIэ ехъулIэныгъэ хьарзынэхэр диIащ, ди щIалэхэм зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм текIуэныгъэхэр къыщахьащ. Гъуэныбэ Iэуес Албанием алыдж-урым бэнэкIэмкIэ щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм дыжьын медалыр къыщихьащ. Текуев Алим WKF каратемкIэ дунейпсо чемпионатым, Ледовский Владимир кёкусинкаймкIэ екIуэкIа урысей зэхьэзэхуэм ещанэ увыпIэр щаубыдащ.

Апхуэдэу КIуэкIуэ Казбек ехъуэхъуащ альпинист пщащэ Пекъу Алинэ и ехъулIэныгъэщIэхэмкIэ икIи адэкIи ефIэкIуэну зэригуапэр къыхигъэщащ. Урысейм и тхыдэм щыяпэу, дунейм тет къурш нэхъ лъагэ дыдэу 14-ми я щыгухэм ар ихьащ.

Республикэм и Унафэщым зэIущIэм хэтхэм я упщIэхэм жэуап щритым спорт ухуэныгъэхэмрэ тренерхэр дэIэгъынымрэ гулъытэ нэхъ хуищIу къытеувыIащ икIи къыхигъэщащ зэIущIэм кърикIуам ипкъ иткIэ, абыхэм теухуа унафэ пыухыкIахэр къызэращтэнур.

КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ яхуищIащ форумым хэтахэм псалъэмакъ купщIафIэ зэрырагъэкIуэкIамкIэ, тренерхэм шыIэныгъэрэ Iэзагъэрэ яхэлъу лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIым, къытщIэхъуэ щIэблэм я гъэсэныгъэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуащIым папщIэ.

## «Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

**2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1081-рэ кIэпIейкIэ 56-рэ;**

**фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 987-рэ кIэпIейкIэ 54-рэ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### ФIыуэ ялъагъу ансамблым и концерт

АДЫГЕЙ. **Республикэм и Чернышевскэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щекIуэкIащ Адыгейм и къэрал филармонием хыхьэ «Уэщтенэ» эстрадэ ансамблым и концерт. Гупым и унафэщIщ Адыгэ Республикэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ХьэщIэкIуэ Алий.**

КОНЦЕРТЫМ щагъэIуащ совет эстрадэм и нэхъыфIхэр, хамэ къэрал макъамэ цIэрыIуэхэм щыщхэр, апхуэдэуи адыгэхэм я IэдакъэщIэкI иджырей уэрэдхэу лъэпкъ щэнхабзэр зыгъэбеяхэр, ягъэзэщIащ лъэпкъ къафэ дахэхэри.

Псори зэщIэзыIэта, дэзыхьэха концертым хэтащ «Уэщтенэ» эстрадэ ансамблым и уэрэджыIакIуэхэр: Хьэзешэкъуэ Мосс, Чэнышх Заремэ, Конжин Юрий, Мэкъуауэ Маринэ, Козенков Никитэ, Кобазевэ Алефтинэ сымэ.

### ЖыгыщIэу 200

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **«Экологие» лъэпкъ проектым хыхьэу республикэм щрагъэкIуэкI «Сохраним лес» Iуэху щхьэпэм хиубыдэу жыгыщIэу 200 хасащ.**

КъШР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ и министерствэм, нэгъуэщI къэрал IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр, эковолонтерхэр зэхуэсри, Маркопи къуажэм пэгъунэгъуу жыг лъэпкъ зэхуэмыдэхэр щыхасащ.

Къыхэдгъэщынщи, «Сохраним лес» лэжьыгъэр зэрырагъажьэрэ Къэрэшей-Шэрджэсым жыг 2300-рэ щыхасащ. Абы фIыуэ хигъэхъуащ республикэм щхъуантIагъэм щиубыд щIыпIэм.

### Шыгъажэр удэзыхьэхт

АБХЪАЗ. **Республикэм ЩIалэгъуалэ IуэхухэмрэспортымкIэ и къэрал комитетым щыгъуазэ дызэрищIащи, Бзыбэ ипподромым шыгъажэ махуитIкIэ щекIуэкIащ.**

ЖЫГ лъэпкъыфIхэр щахъумэ Рицинск лъэпкъ паркым и гупым илъэситI хъуауэ зэпеуэм бжьыпэр щеубыд. ЕтIуанэ увыпIэр къихьащ Гагрэ районым и командэм. Гудаут районым и спортсменхэр ещанэщ.

Гъуэгуанэ зэхуэмыдэхэхэм шыгъажэу 7 щекIуэкIащ, апхуэдэуи шууейхэм я зэфэIэкI щагъэлъэгъуащ шы спорт зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Зэпеуэм хэтащ Очамчыр, Гагрэ, Гудаут районхэм я гупи 4-рэ Рицинск лъэпкъ паркым и командэмрэ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя**

● ЩIДАА

# Нэгумэм и гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ

**ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым зэщIыгъуу къызэрагъэпэща зэIущIэ жэпуэгъуэм и 29-м академием и IуэхущIапIэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ щIэныгъэрылажьэхэр, студентхэр, аспирантхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. ЗэIущIэр теухуат адыгэ узэщIакIуэ Нэгумэ Шорэ къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 230-рэ зэрырикъум.**

- АДЫГЭ тхыдэм уриплъэжмэ, Нэгумэ Шорэ увыпIэ щхьэхуэ щиубыду къысщохъу. Сыту жыпIэмэ, ар псыпэхэшт. Псыпэхэшт Колумб Христофор, Ленин Владимир, Къалмыкъ Юрэ, Бэрбэч ХьэтIутIэ, КIуэкIуэ Валерэ. Абыхэм яхуэдэт Нэгумэри. Адыгэбзэм алыфбей лIэужьыгъуитI хузэхигъэувауэ щытащ абы, ар къигъэсэбэпуи тхыбзэ лъэпкъым хихьащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, итхащ «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ» тхылъри. ЗэрыжаIэмкIэ, IуэрыIуатэрщ абы тегъэщIапIэ ищIар. Езым ныбжьышхуэ къимыгъэщIами, адрей лъэпкъхэр лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ къызыхуэкIуэ Iуэхугъуэшхуэхэр Нэгумэм къехъулIащ дунейм тетыху. КъищынэмыщIауэ, абы фIыуэ хищIыкIырт экономикэми юриспруденцэми. Шорэ ицIыхуу щытащ Пушкиныр. «Бгырысым и къуэм усэ екIухэр етх, сыт хуэдэ Iуэхугъуэ утепсэлъыхьми къыбдиIыгъыфу къытхэтщ!», - ягъэщIагъуэу тетхыхьырт абы урысей тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ. Зыхалъхуа лъэхъэнэмрэ щалъхуа щIыналъэмрэ дыщэпсу къыхэлыдыкIа узэщIакIуэщ Нэгумэр, - жиIащ ЩIДАА-м и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий зэIущIэр къыщызэIуихым.

Нэгумэм урысей академик Шёгрен Андрей игъэныбжьэгъуу, дэлажьэу зэрыщытам, къызэринэкIа, нобэм къэмысу кIуэдыжа и IэдакъэщIэкIхэм тепсэлъыхьащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэт.

- Нэгумэ Шорэ адыгэ щэнхабзэмрэ щIэныгъэмрэ хуилэжьар къэплъытэмэ, министерствитI илъэс бжыгъэкIэ зэлэжьым хуэдиз мэхъу. Сыту жыпIэмэ, лъэпкъым зэи имыIа алыфбей хузэхэбгъэувэныр, бзэм макъыу хэтыр зэхэгъэщхьэхукIауэ хьэрфкIэ къэбгъэлъэгъуэныр, а псори тегъэщIапIэ пщIыуэ лъэпкъ литературэр тхылъ напэхэм тебдзэжыныр зы цIыхум дежкIэ лэжьыгъэ хьэлъэщ икIи инщ. Ар къэплъытэмэ, Нэгумэм фэеплъ иIэну хуэфащэт. 1990 гъэхэм къыхэтлъхьауэ щытащ ар икIи КъБКъУ-м и Iэхэлъахэм щыдгъэувыну мывэ дгъэтIылъат, уеблэмэ. Ауэ Iуэхур зыщIыпIи нэсакъым. ГъэщIэгъуэнщ урысей тхыдэдж, этнограф, зыплъыхьакIуэ, бзэм и лэжьакIуэ Шёгрен Андрейрэ Нэгумэмрэ зэрыгъэныбжьэгъуу зэрыщытари. Шёгрен осетинхэмрэ куржыхэмрэ я бзэмрэ хабзэмрэ иджу Кавказым щыIащ. Я къэхутэныгъэхэмрэ щIэныгъэмкIэ зэдэгуашэу, уеблэмэ нэгузыужь нэгъунэ зэщIыгъуу кIуэуэ апхуэдэу зэрыгъэныбжьэгъуащ Нэгумэмрэ Шёгренрэ. ЖаIэж Шорэ дунейм щехыжам щыгъуэ, Андрей и щхьэгъусэм сабий цIынэр иIыгъыу, езым Нэгумэм къыщIэна Iэрытххэр зэрылъ къэлътмакъышхуэр и плIэм илъу, ди щIыналъэм бгыщхьэ защIэкIэ ирихауэ. Абы ищIэрт а лъэхъэнэм мыбдеж Шорэ и IэдакъэщIэкIхэм гъуэгу зэрыщамыгъуэтынури, ахэр къыдэзыгъэкIыжын зэрыщымыIэри. Апхуэдэу лъэпкъ тхыдэр япэ дыдэу зытхыжа ди узэщIакIуэм и щIэиныр дуней нэху зэрилъэгъуар зи фIыгъэр Шёгрену жыпIэмэ ущыуэнукъым, - къыхигъэщащ щIэныгъэлIым.

Педагогикэм и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ къэрал IуэхущIапIэм и методист нэхъыщхьэ Мамхэгъ Астемыр дэфтэрхэм куэд щIауэ хоплъэ, Нэгумэр къызыхэкIа лъэпкъымрэ унэцIэм къикIымрэ къихутэн мурадкIэ.

- Нэгумэм и адэр абэзэхыу, Къэбэрдейм къэIэпхъуэу къэбэрдей щыхъужауэ жаIэ. Къыщалъхуа гъэм утепсэлъыхьмэ, зэхуэмыдэу къокIуэ: хэти 1794 гъэм Пятигорск и Iэхэлъахэм щыIэ Джуцэ къуажэ цIыкIум къыщалъхуауэ, хэти 1801 гъэрауэ етх. Дэфтэрхэм къазэрыхэщыжымкIи, беслъэн уэркъщ, хэти уэркъ щауэлI гъусэу жеIэ. Нэгумэр къэбэрдей къэпсэлъыкIым къытемыхьэу къухьэпIэ адыгэхэми лIакъуэцIэ зыбжанэ яIэщ. Я лъэпкъ дамыгъэхэр зэбгъапщэмэ, я лъабжьэр зыуэ, ауэ зыгуэр тIэкIутIэкIукIэ зэтемыхуэу къокIуэ. Псори зэпэплъытыжмэ, Хьэмырзэ ХьэтIохъущокъуэ и дамыгъэщ зэкIуэлIэжыр, - жиIащ абы.

Адыгэ IуэрыIуатэмрэ тхыдэмрэ Нэгумэм зэритхыжам тепсэлъыхьащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм. «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм» адыгэм къича гъуэгуанэр кIэщIу, ауэ купщIафIэу къызэрыщыгъэлъэгъуам теухуат тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Къэжэр Артур и къэпсэлъэныгъэр. Нэгумэм зэхигъэува псалъалъэм и убзыхукIэм хуэгъэзат филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ УнэлIокъуэ Вячеслав игъэхьэзыра тхыгъэр.

ЗэрыжаIэу, гъунапкъэншэт Нэгумэм и IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ. ЩIэныгъэм и закъуэ мыхъуу, узэщIакIуэр егъэджэныгъэми зэрыхэлIыфIыхьам и гугъу ищIащ педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Урысмамбэт Лаурэ.

Гу лъытапхъэщ, а псоми къыдэхуэу, Нэгумэм урысыдзэм къулыкъу зэрыщищIам, хьэрыпыбзэми, тыркубзэми, къэжэрыбзэми, урысыбзэми, абазэбзэми хуиту ирипсалъэу зэрыщытам. 1828 гъэм ар Налшык къалэ щылэжьащ урысыбзэмрэ тыркубзэмкIэ егъэджакIуэу.

1844 гъэм Нэгумэм и тхыгъэ гуэрхэр къыдигъэкIын мурадкIэ Петербург кIуат. ЩIэныгъэхэмкIэ урысей академием щыхэплъэн хуейт абы и IэдакъэщIэкIхэм. Ауэ а зэIущIэм тхьэмахуитI ипэ иту Нэгумэм щIыIэ къыхыхьэри, махуэ бжыгъэм кърыубыдэу дунейм ехыжащ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**
*Сурэтыр* **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

● ЩэкIуэгъуэм и 1-р Суд приставхэм я махуэщ

# Сыт хуэдэ Iуэхуми гулъытэ хуащI

***Урысейм и Суд приставхэм я IуэхущIапIэ къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэси 159-рэ ирокъу. Ар къэунэхуащ 1865 гъэм Урысейм и император Александр ЕтIуанэм къыдигъэкIа унафэм тету. А дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуат суд Iуэхухэм хэт къулыкъущIэхэм я хуитыныгъэхэмрэ къалэнхэмрэ.***

***УФ-м и Президентым 2009 гъэм къыдигъэкIа «Суд приставхэм я махуэр гъэувыным теухуауэ» указым ипкъ иткIэ, щэкIуэгъуэм и 1-м ягъэлъапIэ Урысей Федерацэм и Суд приставхэм я махуэр. Абы ирихьэлIэу зыхуэдгъэзащ Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд пристав нэхъыщхьэ Бауаев Ахъмэт.***

**- Ахъмэт, пщэдей, щэкIуэгъуэм и 1-м къэралым щагъэлъэпIэнущ Суд приставым и махуэр. Фи лэжьыгъэм епхауэ сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэр фиIэ?**

- Дызэрыт 2024 гъэм и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэрым и суд приставгъэзэщIакIуэхэр елэжьащ дэфтэр 397-м. Абыхэм япкъ иткIэ, щIыхуэ зэхуэмыдэу сом меларди 2,4-рэ ирагъэпшынащ, нэгъабэ елъытауэ процент 13,8-кIэ нэхъыбэ. Абыхэм ящыщу Урысей Федерацэм и бюджетым кIуащ сом мелуан 620-м щIигъу. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр къыпокIуэ суд пристав-гъэзэщIакIуэхэм иджырей Iэмалхэм жыджэру, хуэIэкIуэлъакIуэу къызэрагъэсэбэпым.

Ди лэжьакIуэхэм яхъумэ КъБР-м щыIэ УФССП-м и судхэр - КъБР-м и Арбитраж, Нэхъыщхьэ, Налшык дзэ гарнизон судхэр, районхэм щыIэхэм я IуэхущIапIэу 10, зэзыгъэкIуж суд хэщIапIэхэр (13). Мы гъэм ди приставхэм судыр щекIуэкIкIэ щIахьэну зыхуимыт хьэпшып 6 953-рэ къытрахащ. ЖыпIэ хъунущ абы и фIыгъэкIэ ди цIыхухэр щытхъумэфауэ гузэвэгъуэ къэхъункIэ хъунум.

Управленэм и дознавателхэм уголовнэ Iуэху 246-рэ къаIэтащ, административнэ хабзэншагъэу 4 484-рэ къыщIагъэщащ.

**- ЩIыхуэ зытелъхэм ехьэлIауэ сыт хуэдэ Iэмалхэр нэхъыфI?**

- Дэтхэнэри щхьэхуэщ. Языныкъуэхэм уепсалъэмэ е ягу къэбгъэкIыжмэ ирокъу, УФ-м и хабзэм ипкъ иткIэ хэдгъэзыхьын хуейхэри щыIэщ. Суд унафэхэм я нэхъыбэр зытеухуауэ щытар улахуэр, нэгъуэщI щIыхуэхэр зытрагъэкIынырщ, щIыхуэ зытелъхэм Урысей Федерацэм имыкIыну, транспортым дэмытIысхьэну щыхуагъэуварщ, я мылъкур яубыдын, къытрахын хуей щыхъурщ.

Приставхэм щIыхуэ зытелъхэр административнэ е уголовнэ жэуапым ирашалIэ, Iэмалыншэ хъумэ. Ауэ Iуэхур абы намыгъэсу щIыхуэр зытезыгъэкIыжри мащIэкъым.

**- Фи лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ, ауэ япэ ивгъэщ гуэрхэри щыIэ къыщIэкIынщ. Сыт хуэдэ ахэр?**

- ЩыIэкIэ-псэукIэм тещIыхьауэ къапщтэмэ, ди лэжьакIуэхэм я къалэн нэхъыщхьэу къонэж балигъ мыхъуахэр хъумэным, абыхэм я хуитыныгъэхэр къахуэгъэсэбэпыным теухуауэ хабзэм къигъэувыр гъэзэщIэныр.

Алиментхэр егъэпшыныным ехьэлIа лэжьыгъэм зэманышхуэ токIуадэ, къаруушхуэ идохьэлIэ. Мы гъэр къызэрихьэрэ алимент зымытхэу административнэ жэуапым цIыху 522-рэ, УФ-м и УК-м и 157-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ уголовнэ жэуапым 240-рэ ирашэлIащ.

Къэдгъэсэбэп Iэмалхэм я фIыгъэкIэ сабийхэм ехьэлIауэ алимент щIыхуэу мази 9-м сом мелуан 349-рэ (нэгъабэ сом мелуан 282-рэ), процент 24-кIэ нэхъыбэ, едгъэпшынащ.

Ди нэIэ тетщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ехьэлIауэ (штраф е нэгъуэщI щIыхуэ зэрателъым къыхэкIыу IэнатIэ зэхуэмыдэхэр къызэретхьэкъуну ягъэхьэзыра дэфтэрхэр) къаIэта Iуэхухэр къызэтегъэувыIэным, яIэ хуитыныгъэхэр пхыгъэкIыным. ИджыкIэ апхуэдэ цIыхухэм ехьэлIауэ республикэм къыщызэтрагъэувыIащ Iуэху 6 474-рэ.

Управленэм и унафэщIым тхьэмахуэм тIэу зыхуагъазэ хъунущ алиментхэм ехьэлIауэ упщIэ яIэмэ. Абы теухуа хъыбар газетхэмрэ интернетымрэ къыщагъуэтынущ.

**- ЩIыхуэр егъэпшыныжыныр управленэм махуэ къэс и нэIэ зытет лэжьыгъэ нэхъыщхьэщ. Республикэм и жылагъуэ гъащIэм сыт хуэдэ IуэхухэмкIэ хыхьэфрэ фи IэнатIэр?**

- ИпэжыпIэкIэ суд приставхэр жыджэру хэтщ жылагъуэ гъащIэми. Гулъытэ хэха худощI балигъ мыхъуахэр хэкупсэу, хабзэ яхэлъу гъэсэным.

Сабийхэм я зэчийм зегъэужьыным, хабзэ яхэлъыным, унагъуэм и пщIэр Iэтыным ехьэлIауэ УФ-м и Суд приставхэм я управленэу КъБР-м щыIэм илъэс къэс ирегъэкIуэкI Урысейм «Хрустальные звёздочки» фIащауэ сабийхэм папщIэ къыщызэрагъэпэщ фестивалым и щIыналъэ Iыхьэр. Абы хэтыну Iэмал яIэщ ди лэжьакIуэхэми, нэгъуэщI IэнатIэ пэрытхэми я сабийхэр.

Къыхэдгъэщынщи, суд приставхэр ядоIэпыкъу Унагъуэмрэ сабийхэмрэ защIэгъэкъуэнымкIэ центрым, сабий сымаджэхэм я узыншагъэр щызэфIагъэувэж IуэхущIапIэм. Зыхуей-зыхуэфIкIэ зэрызыщIагъакъуэм къищынэмыщIауэ управленэм и лэжьакIуэхэм щIэх-щIэхыурэ сабийхэм папщIэ къызэрагъэпэщ спорт, хэкупсэ гъэсэныгъэ, нэгузегъэужь Iуэхухэр. Балигъхэри сабийхэри щогуфIыкI апхуэдэ зэхуэзэм.

**- Суд приставхэр сыт щыгъуи хэтщ псапэ зыпылъ Iуэхухэм. Нэхъ пыухыкIауэ абыхэм утезгъэпсэлъыхьынут.**

- Ди управленэр хэтщ «Сад Памяти», «Давай Вступай!» жыхуиIэхэм, «Ёлка желаний» урысейпсо Iуэхум, нэгъуэщIхэми.

Суд приставхэр щIэх-щIэхыурэ хэтщ «Сэ гъащIэр къызогъэл» лъы тын Iуэхум, иджыблагъэ хыхьащ «#ДавайВступай!» марафоным, къупщхьэ куцI хуэныкъуэхэм щхьэкIэ ирагъэкIуэкIым. Ди лэжьакIуэ куэдым сыт щыгъуи лъы ят, диIэщ «Почётный донор России» цIэр къызыхуагъэфэщахэр.

Ди къулыкъущIэхэр яхэтщ фэеплъ, дзэ щIыхь, пщIэ зыпылъ нэгъуэщI Iуэху куэдми я къызэгъэпэщакIуэхэм. Илъэси 10 хъуауэ управленэм ирегъэкIуэкI Хэку зауэшхуэм хъыбарыншэу хэкIуэда зауэлIхэр къагъуэтыжу щIэлъхьэжыным. Ди гупыр хэтщ «Вахта Памяти» урысейпсо Iуэхуми. КъинэмыщIауэ, дзэ Iуэху хэхар къызэрежьэрэ ди лэжьакIуэхэм яхузэфIэкIкIэ зыщIагъакъуэ абы хэтхэм, зыхуэныкъуэхэр зэхуахьэсри Донецк, Луганск ЦIыхубэ республикэхэм щыпсэухэм хурагъашэ.

«Народный фронт, победы» фондым щIыгъуу ди лэжьакIуэхэм дзэ къулыкъур езыхьэкIхэм зэрызахъумэжын хьэпшып хуагъэхьэзырри щIыпIэм ирагъашэ. Урысейм и щIыналъэщIэхэм щыпсэухэм, СВО-м хэтхэм я унагъуэхэм зэрызыщIагъакъуэм къыпэкIуэу, управленэм къыхуагъэфэщащ «Народный фронт. Все для победы» бгъэхэIу дамыгъэр.

Суд приставхэр жыджэру хэтщ щIыналъэм щекIуэкI спорт Iуэхухэми. Къыхэдгъэщынщи, абыхэм язщ Урысей ФССП-м Рысинов М.И. и цIэкIэ иригъэкIуэкI спартакиадэм КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэм я лэжьакIуэхэу хэтынухэр къыщыхах зэпеуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIар.

**- Ахъмэт, фи махуэм ирихьэлIэу сыткIэ захуэбгъэзэнт уи лэжьэгъухэм, ветеранхэм?**

- ЛIэщIыгъуэрэ ныкъуэм зи ныбжьыр щхьэдэха IуэхущIапIэм и тхыдэм щIегъэбыдэ ди къэралым и дежкIэ абы мыхьэнэ зэриIэр. Сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр щыIами, ар сыт щыгъуи щытащ икIи къонэж къэралым хабзэр щагъэзэщIэныр, абы тетыныр къызэзыгъэпэщ IэнатIэу.

Сохъуэхъу си лэжьэгъухэм, щхьэхуэу фIыщIэ яхузощI IэнатIэм и ветеранхэм! Сыхуейщ къулыкъум пэрыт дэтхэнэми нэхъри зиужьыну, къалэнхэм ерыщу елIэлIэну. Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ, насып, мамырыгъэрэ унагъуэ зэIузэпэщрэ фиIэну си гуапэщ.

*Зыгъэхьэзырар* **УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

# Сабиигъуэм и IэфIыр зыхащIакъым

● Зауэм и бынхэр

**Мы гъэм и жэпуэгъуэр жыы хъуа цIыхухэм зэрыхухахар я тегъэщIапIэу, «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хэтхэм, УФ-м и компартым и щIыналъэ къудамэм и лIыкIуэхэри я гъусэу, зи ныбжь хэкIуэтахэр щрагъэблэгъа зэхыхьэ щхьэхуэ Налшык къалэ щрагъэкIуэкIащ.**

ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭМ хузэхалъхьа уэрэдыр гимныр зэIущIэм и пэщIэдзэм Хаджиевэ Патимат щыжиIащ, къызэхуэсахэр щыту абы дежьуэ.

ЗэIущIэр къызэIуихащ «Зауэм и бынхэр» зэгухьэныгъэм КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщI Къэнэмэт Замир.

- Мы зэхыхьэм къекIуэлIащ республикэм и щIыналъипщIым щыдиIэ къудамэхэм я унафэщIхэмрэ компартым и район IэнатIэхэм я пашэхэмрэ. Хэку зауэшхуэм ижь зыщIимыхуа зы унагъуи щыIэу къыщIэкIынкъым. Ди щIыгур зыIэрагъэхьэну къихьа зэрыпхъуакIуэ хьэщхьэрыIуэхэр ирахужыну, зылI и быну, псори тэджат. Фи сабиигъуэр а лъэхъэнэ гугъум ирихьэлIат. Фэ, анэхэм, нанэ-дадэхэм фысабийуэ лэжьыгъэ хьэлъэ ядэфщIащ. А зауэ гуащIэм и бэлыхьщ фэ сабиигъуэм и IэфI зэхэфщIэну Iэмал фыщIимыIар. Дэ псоми ди къалэнщ фэ, нэхъыжьыфIхэм, фи нэгу щIэкIа гугъуехьымрэ фи псэм телъа бэлыхьымрэ зыхуэдизым щIалэгъуалэр щыдгъэгъуэзэну, абыхэм пщIэ лей къыфхуащIын, гулъытэм фыщымыщIэн папщIэ. «НэхъыжьыфI здэщыIэм, нэхъыщIэфIи щыIэщ», - жыхуиIэращ.

Къызэхуэсахэм захуигъэзащ УФ-м и компартым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэр Парламентым и депутат Пащты Борис.

- ЗэIущIэр зытеухуар фэращ, ди нэхъыжьыфIу фIыр зи Iэпэм къыпыкIахэрщ. Сыхуейщ фIыщIэ фхуэсщIыну, фи псэм фемыблэжу, гугъуехьи гуауи фыпэщIэту, сабиигъуэр зищIысыр фымыщIэу, текIуэныгъэм хущIэкъухэм фащIыгъуу, зауэм щыIэ фи адэхэм къыщагъэзэжыным фыпэплъэу, абыхэм къагъэна лэжьыгъэ мытыншым фызэрыпэрытам папщIэ. КъэфкIуа гъуэгуанэм щыфлъэгъуар, вгъэунэхуар зыхуэдэр ди щIэблэм яжеIэпхъэщ, ди блэкIам ахэр щыгъэгъуэзапхъэщ. Флъэгъуар фщымыгъупщэу, нобэ нэхъыкIэ фымыхъуу, фи бынхэм фагъэгуфIэрэ гуфIэгъуэр фи унагъуэм имыкIыу Тхьэм фигъэпсэу, - жиIащ абы.

Зэхыхьэм къэрагъэблэгъа нэхъыжьыфIхэр зырызыххэу къыдашурэ фэеплъ медалхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ цIыху 53-м иратащ. Апхуэдэ гулъытэ пэмыплъахэр икIи гуфIащ, икIи, я нэпсхэр къызэпижыхьауэ, я нэгу щIэкIа гуэрхэми тепсэлъыхьыжащ. Зи ныбжь хэкIуэтахэр сыту арэзы щIыгъуафIэ! Бэлыхьыу яшэчар зэрытщымыгъупщэ къудейри абыхэм я дежкIэ лъапIэщ.

АдэкIэ, псалъэ иратащ, зэхыхьэм къекIуэлIахэм папщIэ ягъэхьэзыра концертыр езыгъэкIуэкIынухэм.

Зи макъ дахэр дэни щыIуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щIыхь зиIэ я артист Даур Иринэ и гъэсакIуэ цIыкIухэр и гъусэу зэхигъэува концерт гукъинэжымкIэ зэIущIэр зэхуащIыжащ.

**КЪАНКЪУЛ Зазий.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### «Урысейм щащIащ»

**УФ-м и Президент Путин Владимир Правительствэм пщэрылъ щищIащ «Урысейм щащIащ» программэр зэхагъэувэу абы и лэжьыгъэр зэтраублэну. Ар хуэунэтIауэ щытынущ къэралым къыщыщIагъэкI хьэпшыпхэр хамэ щIыналъэхэм яIэрыгъэхьэным, урысей продукцэм и фIагъым гулъытэ нэхъыбэ хуегъэщIыным.**

АБЫ ипкъ иткIэ, УФ-м и Правительствэмрэ ЭкспортымкIэ урысей центрымрэ а IуэхумкIэ щхьэпэ хъуну къалъытэ къэрал, щIыналъэ къулыкъущIапIэ псори программэм и лэжьыгъэм къыхашэн хуейщ, дэтхэнэми и зэфIэкIыр, и къалэныр убзыхуауэ къэгъэлъэгъуауэ. Пщэрылъым къызэрыхэщымкIэ, гулъытэ нэхъ хуэщIыпхъэщ а Iуэхум теухуауэ хамэ къэралхэм къыщызэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэхэм урысей хьэрычэтыщIэхэр, промышленнэ, мэкъумэш предприятэхэм я лIыкIуэхэр жыджэру хэтыным, щIыналъэм къыщыщIагъэкI хьэпшыпхэр зыхуей хуэзэу апхуэдэ утыкушхуэхэм щыгъэлъэгъуэным.

Программэр дыгъэгъазэм и 30 пщIондэ зэхагъэувауэ щытын хуейщ. АбыкIэ жэуаплыныгъэр я пщэ дэлъщ УФ-м и премьер-министр Мишустин Михаилрэ ЭкспортымкIэ урысей центрым и унафэщI Никишинэ Вероникэрэ.

### Нэхъыбэ мэхъу

**Бжыхьэ лъэхъэнэр къызэрихьэрэ Германием лэжьапIэншэхэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу щыхохъуэ. ФРГ-м цIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и къэрал IуэхущIапIэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, фокIадэм мазэм абыхэм я бжыгъэр мин 17-кIэ, жэпуэгъуэм мин 27-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Иджыпсту Германием щыпсэу лэжьапIэншэхэр мелуани 3-м ноблагъэ.**

«ЩЫТЫКIЭР куэдкIэ елъытащ къэралым и экономикэм иIэ зыужьыныгъэм. Иужьрей илъэсхэм абы зэхъуэкIыныгъэшхуэ иIакъым. ЛэжьапIэншэхэр нэхъыбэ щыхъуар гъэмахуэ лъэхъэнэрщ, бжыхьэм Iуэхур ефIэкIуэжыну дыщыгугъами, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм я бжыгъэм къыхэхъуауэ ращ. Къэралым и IуэхущIапIэм зэхуэмыдэхэм ящыщу лэжьакIуэ хуэныкъуэхэр мащIэ дыдэщ», - жиIащ ЦIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ къэрал IуэхущIапIэм и правленэм и унафэщIым.

Германием финансхэмкIэ и министр Линднер Кристиан къигъэлъэгъуащ къэралым и экономикэ зыужьыныгъэм арэзы къызэримыщIыр икIи къыхигъэщащ илъэси 10 хъуауэ ФРГ-м сату, производствэ зэныкъуэкъуныгъэ тэмэм зэрыщымыIэр.

**Жэпуэгъуэм и 31,** *махуэку*

♦**Тенджыз ФIыцIэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Къалэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Экономием и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щыIэ СИЗО-хэмрэ тутнакъэщхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Урысейм щылажьэ Iэпэтэрмэш зэдзэкIакIуэм и махуэщ**
♦**1952 гъэм** къалъхуащ УФ-м и къэрал лэжьакIуэ, етIуанэ рангым и къэрал чэнджэщэгъуу щыта **Хъупсырокъуэ Назир (Кърым-Джэрий).**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 1,** *мэрем*

♦**Урысей Федерацэм и Суд Приставхэм я махуэщ**
♦**Урысейм менеджерым и махуэр щагъэлъапIэ**
♦**1922 гъэм** Налшык парт школ къыщызэIуахащ.
♦**1936 гъэм** Налшык Урыс къэрал драмэ театр къыщызэIуахащ.
♦**1917 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Ленин саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Кулиев Къайсын.**
♦**1938 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **ГуэбэщIыкI Жантемыр.**
♦**1947 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыгъушэ Хьэсэн.**
♦**1966 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШР-м щIыхь зиIэ и экономист **Уэз Аслъэн.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 5 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Емрэ фIымрэ зымыщIэм имыщIэ щымыIэу къыфIощI.**

# Къуажэдэсхэр нэхъыбэ мэхъу

**«Урысеймэкъумэшбанк»-м иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, 2014 гъэм щыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэдэсхэм я бжыгъэр процент 34-кIэ нэхъыбэ хъуащ.**

«КАВКАЗ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм щыпсэу къуажэдэсхэм я куэдагъымкIэ КИФЩI-р къэралым щыпэрытщ. Иужьрей илъэсипщIым абы и бжыгъэм хэхъуэ фIэкIа кIэрыхуркъым. Къэбгъэлъагъуэмэ, КИФЩI-м и цIыхухэм я процент 49 - 50-р - къуажэдэсхэрщ. ЕтIуанэ увыпIэр иIыгъщ Ипщэ федеральнэ езыгъэкIуэкIахэм.

Абы щыгъуэми, 2014 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэдэсхэм я бжыгъэм процент 34-кIэ хэхъуащ, Шэшэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Дагъыстаным а пIалъэм къриубыдэу я къуажэдэсхэм я куэдагъыр щхьэж къылъысу проценти 5-кIэ нэхъыбэ хъуауэ ращ.

Апхуэдэ щытыкIэр къызыхэкIар, IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, лъхуэн-пIэнымрэ Iэпхъуэшапхъуэмрэ пыщIа Iуэхугъуэхэрщ, псом хуэмыдэу, мэкъумэш IэнатIэм пэрытхэм, унэй IуэхущапIэхэм щылажьэхэм, я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэм ехьэлIауэ щыIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр нэсу зэрылажьэрщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Зэгъэзэхуэным и дунейпсо махуэ

**«Ахъшэ хъумапIэхэм я япэ дунейпсо конгресс» зыфIащар Италием и Милан къалэм 1924 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м щызэхашат. Абы щызэIущIат ЩIы Хъурейм тет къэралхэм ящыщу 29-м щыIэ банк нэхъ инхэм я лIыкIуэхэр.**

ЯПЭ зэхуэсышхуэр пщIэ зыхуэщIыпхъэу къызэралъытам къыхэкIыу, абы хэтахэм къыхалъхьащ жэпуэгъуэм и 31-р Ахъшэ зэгъэзэхуэкIэм и махуэу гъэувыпхъэу. АрщхьэкIэ, зи гугъу тщIы зэIущIэм хэта, Италием щыщ профессор Равизза и жэрдэмкIэ, а махуэр абдеж дыдэм къыщабжащ ЗэгъэзэхуэкIэм и дунейпсо махуэу.

ГъэлъэпIэн хуейуэ жызыIахэм зэрагъэувамкIэ, мы махуэр зыхуэгъэзар ахъшэр тэмэму зэкIэлъыгъэкIуэн зэрыхуейм и закъуэкъым, атIэ мы дунейм зэгъэзэхуапхъэу тет псоми: зэманми, цIыхум и зэфIэкIми, хьэпшыпхэми, псори дызэлъытэжа щIыуэпсми, къинэмыщI абы хуэдэу зыщысхьыпхъэ псоми яхуэсакъыпхъэу зэрыщытыр къыхэгъэщыныршщ.

АтIэми, ООН-м и жэрдэмкIэ, зи гугъу тщIы махуэр къэрал псоми къыщызэдащтар 1989 гъэращ. Абдежым щегъэжьауэщ Экономием и дунейпсо махуэр гъэлъэпIэн щыщIадзари.

«Экономикэ» - мыр алыдж псалъэщ, къикIыу трагъахуэри «унагъуэр тэмэму зехьэн» жыхуиIэрщ. А жыIэкIэр япэ дыдэу къагъэсэбэпын щыщIадзауэ хуагъэфащэр ди эрэм ипэкIэ IV лIэщIыгъуэм икухэрщ. Лъэхъэнэ жыжьэхэм псэуахэми, тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, унагъуэр зехьэным, къедза лъапсэр зыхуей хуэгъэзэным мыхьэнэ ин дыдэ ирату щытащ.

КъыжыIэпхъэр араци, Европэм щыIэ къэралхэм ящыщу языныкъуэхэм я къалэхэм дэт еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэгъэзэхуэкIэм ехьэлIа дерс щхьэхуэхэр ди нобэми щрагъэкIуэкI. Абыхэм, цIыхум ехьэлIауи щIыуэпсым пыщIауи, дыкъэзыухъуреихь дунейм дызыщрихьэлIэ дэтхэнэ «хъугъуэфIыгъуэри» зэгъэзэхуапхъэу зэрыщытым щIэблэщIэм я мызакъуэу, балигъхэри къыщыхураджэ.

Урысей Федерацэр къэтщтэнщи, ЗэгъэзэхуэкIэм и дунейпсо махуэм гулъытэ хэIэтыкIа хуащI зэрыщыхъурэ куэд щIакъым. АтIэми, мы зэманым дызэрыува щытыкIэр къэтлъытэмэ, зэгъэзэхуэкIэмрэ гъэтIылъыгъэхэр зэращI щIыкIэм и Iэмалхэмрэ къытедгъэзэжу зыщыдгъэгъуэзэныр, нэхъ зыхузэфIэкIхэр къыдогъанэри, цIыху къызэрыгуэкIхэм я дежкIи лейуэ къыщIэкIынукъым.

А Iуэхугъуэращ, УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм къыхилъхьа проектым хыхьэу, ахъшэр зэрызэгъэзэхуапхъэм теухуа дерсхэм щыщIагъэдэIу сайт къыщIызэрагъэпэщари.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

## Гу зылъытапхъэ

ПщIэ зыхуэтщI ди цIыхухэ! Фигу къыдогъэкIыж: УФ-м и дзэ къарухэм къулыкъу щащIэну дзэ Iуэху хэхам хэтыну зэгурыIуэныгъэкIэ ираджахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ льготэ зэраIэр. Къаща хабзэхэм япкъ иткIэ, къат куэду зэтет унэхэр зыхуей хуагъэзэн папщIэ къыхах ахъшэр зэрыхамылъхьэм папщIэ техуэ штрафыр дзэ Iуэху хэхахэм ираджахэм ар зэфIэкIыху къатехуэркъым, ирамыджэ щIыкIэ зэтрагъэхьа щIыхуэми хэхъуэркъым.

Абы теухуауэ упщIэ щыIэмэ, 8-800-700-64-12; 42-56-91 телефонхэмкIэ фыкъэпсалъэ, regoperator.07@mail.ru напэкIуэцIым фыкъатхэ е Налшык къалэ, Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 17 А унэм фыкъекIуалIэ. НэгъуэщI хъыбарыщIэхэм зыщывгъэгъуэзэну фыхуеймэ, t.me/kapremont07 напэкIуэцIым Iэ тевдзэ.

Щомахуэ лъэпкъым гущIыхьэ ящыхъуауэ хъыбар фагъащIэ **Щомахуэ Мусэбий Жамбот и къуэр** дунейм зэрехыжар. И Ахърэтыр нэху Алыхьым ищI.

Экономикэ · Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ · Жылагъуэ Iуэху

## Мамырыгъэм гъуэгущIэ пхеш

**Тхьэмахуэ кIуам дунейпсо цIыхубэм и гулъытэр нэхъ зытхьэкъуауэ сыт къэхъуар жыпIэмэ, ар Тэтэрстаным и къалащхьэ Къэзан щекIуэкIа, БРИКС къэрал гупым я XXVI зэхуэсышхуэрщ.**

УФ-м и Президент Путин Владимир и псалъэкIэ жыпIэмэ, иджырей зэIущIэр «Урысейр дуней псо утыкум зэрит щIыкIэм и лъагапIэ» хъуащ.

Жэпуэгъуэм и 22-м щыщIэдзауэ къекIуэлIащ хьэщIэхэр Къэзан. Къэрал 36-м я лIыщхьэхэм нэмыщI, журналист 300-м нэс хэтащ абы и лэжьыгъэм. Дзыхь зыхуэщIыпхъэ хъыбарегъащIэхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ къызэгъэпэщыкIэ нэгъэса нэхъ къалэшхуэхэм щумылъагъунукIи хъунущ, апхуэдизкIэ екIуу Iуэхур Къэзан щызэрахьащи.

Япэ махуэм Путин Владимир БРИКС-м хыхьэ къэралхэм я унафэщIхэм Къэзан кремль жыхуаIэ сэрейм щаIущIащ. Иджыри къэс зэгухьэныгъэм къэралитху фIэкIа хэмытами, Къэзан зэIущIэм наIуэ къищIащ абы хыхьэну гукъыдэж зиIэхэм я бжыгъэр нэрылъагъуу зэрыбагъуэр. Абы къыхэкIыу, етIуанэ махуэм зэгухьэныгъэм и «аутрич лIэужьыгъуэ» зыфIаща, БРИКС-м хыхьэну зызыгъэхьэзыр къэралхэм яхухэха зэIущIэ ирагъэкIуэкIащ.

Протоколыбзэкlэ «къекIуэлIащ», «зэIущIащ», «хагъэхьащ» псалъэхэр къэдгъэщхьэпэным деса щхьэкIэ, и цIэр къыумыIуэнкIэ Iэмал зимыIэщ хьэщIэ лъапIэхэм бысым яхуэхъуа щIыналъэм и УнафэщI, Тэтэрстаным и раис Минниханов Рустам. Хэт игу хэзымыгъэхъуэнур Китайм, Индием, ЮАР-м, Тыркум, Белоруссием къикIа президентхэм «зэкIэрыс» езыгъэш тэтэр Iэтащхьэмрэ я лъэпкъ фащэхэмкIэ хуэпауэ хьэщIэхэм я Iуэхузехьэхэмрэ илъагъумэ? «Чак-чак» фIэкIа зэхыумыхыж жыхуаIэм хуэдэу, зэIущIэр лъэпкъ щхьэхуэм и щIыналъэм зэрыщекIуэкIыр, абы езым еиж щэнхабзэрэ цIыху къегъэблэгъэкIэрэ зэриIэжыр нэгъэсарэ гукъинэжу дунейпсо цIыхубэм и нэгу щыщIагъэкIащ Къэзан зэIущIэшхуэр щекIуэкIа махуищым. Бысымхэми дауэ я гуапэ мыхъунрэт, муслъымэн республикэм пщIэ хуащIу, зэIущIэшхуэр екIуэкIыху, фадэ зэрамыщар?!

Къэзан щызэхуэса къэрал лIыщхьэхэм дунейпсо цIыхубэм я нэгу щIагъэкIащ Урысейм, КъухьэпIэм зэригъэIум хуэдэу, зэримызакъуэри, лей зехьэнрэ цIыху гъэгуIэнкIэ зызымыгъэнщIыж Америкэмрэ Израилымрэ япэщIэувэн къару зэрыщыIэри. Уеблэмэ «хьэзабымрэ бэлыхьымрэ хэмыкIыу ягъэпсэу» псалъэхэр яхужыпIэжыфыркъым лъапсэрых ящIа Газэм щекIуэкIыр щыплъагъукIэ. Иджы хьэрыпхэр ирахуауэ, абы игъэIэпхъуэну и цIыхухэм хъыбар ярегъащIэ Израилым. Путин Владимир Къэзан щыIущIащ «Добрый день» псалъэхэмкIэ къыпежьа Палестинэм и президент Аббас Мэхьмуд икIи урысей Президентыр аргуэру Палестинэм къыщхьэщыжащ. Путиныр тепсэлъыхьащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къыщыхъея зауэхэм. Зыр адрейм щхьэусыгъуэ хуэхъужу, мы щIыпIэр зауэр щымыужьыхыж щIы Iыхьэ хъуакIэщ, жиIащ абы. Дэ хэкIыпIэу тлъагъур зыщ: Палестинэ цIэр зезыхьэ къэрал къызэгъэпэщауэ, ООН-м хэгъэхьэн хуейщ. (Апхуэдэ резолюцэ накъыгъэм и 10-м ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къыщрахьам щыгъуэ, БРИКС-м хэт къэрал псори арэзы техъуауэ щытащ).

Къэзан щекIуэкIа зэIущIэр игъэнэщхъеящ Тыркум и президент Эрдогъан Реджеп кхъухьлъатэм къыщебэкъуэха махуэ дыдэм, къыздикIа къэралым щIэпхъаджагъэ къызэрыщагъэхъуам, цIыхуитхум нэс хэкIуадэу. ЗэIущIэр щыщIидзэм, Путин Владимир Эрдогъан хуэгузэващ.

МахуитI Къэзан щрихьэкIащ Индием и президент Моди Нарендрэ. Политикэ тхыгъэхэм ухэплъэмэ, Индиемрэ Китаймрэ, Азербайджанымрэ Армениемрэ зэмызэгъыххэу къыпфIэщIынкIи хъунущ. АрщхьэкIэ Iуэху зехьэкIэ дахэм залымыгъэри елъахъэ. Къэзан щызэхуэса къэрал 36-м я лIыщхьэхэм наIуэ къащIащ узэгурыIуэну мурад уиIэмэ, ар къыщIомыхъулIэн щхьэусыгъуэхэр зэрымащIэ дыдэр.

Гушыlэ мащIэ хэлъу утыку кърахьащ БРИКС-м хыхьэ къэралхэм яутIыпщыну я мурад ахъшэм и теплъэр. Ауэ ар гушыIэ къудейуэ зэрыщытыр щIагъэбыдэжами, Тэтэрстаным щызэхуэса къэралхэм я зэхуакум щызекIуэну, долларым пэщIэувэфын ахъшэ лIэужьыгъуэ щхьэхуэ къыдагъэкIыну зэрамурадыр цIыхубэм яхэIуащ. ЗэIущIэ нэужьым «Къэзан деклэрацэ» зыфIаща дэфтэрыр къащтащ.

«Ди зэIущIэхэм хэта къэрал зыбжанэм БРИКС-м и лэжьыгъэм хэтыну зэрыхуейр къыдагъэщIащ. АдэкIэ тщIэнур мыращ, - жиIащ Путин Владимир зэгухьэныгъэм зэрызиубгъум щытепсэлъыхьым. - ДяпэкIэ гъусэ къытхуэхъуну къэралхэм егъэблагъэ тхылъ яхуедгъэхьынурэ, къакIуэхэмэ, ахэр къыдгухьэну зи мурадхэм зэращыщыр наIуэ тщIынущ. Апхуэдэ «къэрал-гуэгъу» жыпхъэм, псалъэм папщIэ, Белоруссиер итщ. Зи гугъу тщIы щытыкIэм итщ иджыри къэрал 12 - 13-рэ».

БРИКС-р зэгухьэныгъэщ, клуб къудейкъым, - къыхигъэщащ Путин Владимир. ЛIыщхьэхэм я мурадщ зэгухьэныгъэм хиубыдэ къэралхэр нэхъыбэ зэрыхъум къыхэкIыу, ар зэрызэхэтыну хабзэхэм хэплъэжыну. «Ауэ дэ дыхуейкъым, - жиIащ Президентым, - зэгухьэныгъэм и пщIэр доIэт жытIэу, абы и лэжьэкIэм бюрократиер хуит щытщIыну, ди лэжьакIуэхэр машинэ хэплъыхьахэм исрэ, улахуэшхуэ къахьу, ауэ щыхъукIэ, хэт сытым щхьэкIэ жэуап ихьми, къагурымыIуэжу». Сыту фIыIуэт а псалъэ пэжхэр къулыкъущIэ псоми зэхахамэ!

Дауи, БРИКС-м и зэIущIэм щытемыпсэлъыхьу къэнакъым Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхар зэрырагъэухыну щIыкIэм. Президентым псоми зэхахыу аргуэру жиIащ, Iуэхур нобэ зыIутым тещIыхьауэ, къэралитIыр иджыпсту зэрыт щытыкIэхэм япкъ иткIэ, Истамбыл щагъэхьэзырауэ щыта зэгурыIуэныгъэхэр къащтэжу, зэпэщIэтыныгъэм кIэ иратыну зэрыхьэзырыр. «НэгъуэщI зэгурыIуэкIэкIэ дэ арэзы дыхъунукъым», - жиIащ Путиным.

ЗэIущIэшхуэм хэтащ ООН-м и Секретарь Нэхъыщхьэ Гутерриш Антонио. Украинэм щекIуэкI зэпэщIэтыныгъэм икIэщIыпIэкIэ кIэ етын зэрыхуейр и псалъэхэм къыщыхигъэщым, абыи жэуап пыухыкIа иритащ Путиным. «Иджыблагъэ Эрдогъан и дэIэпыкъуэгъу гуэр Нью-Йорк къипсэлъыкIри, Украинэм дызэрыгурыIуэну IэмалхэмкIэ къыдэущиен щIидзащ, - игу къегъэкIыж урысей Президентым. - Сэ арэзы сыхъуащ. «Хъунщ, дыарэзыщ», - жесIащ. КъыкIэлъыкIуэ махуэм Киев тетыгъуэм и унафэщIыр утыку къихьэри, «зыми дагурыIуэнукъым» къажриIащ. Арати, ди тырку ныбжьэгъухэми яжетIащ: «ДызэгурывгъаIуэ жыфIэн и пэкIэ, фызыдэлажьэхэм я Iуэху зыIут дыдэр зэвгъащIэ».

Фигу къэдгъэкIыжынщи, БРИКС хъужыр а фIэщыгъэр зэрызэхэт хьэрфхэмкIэ зи цIэр къыщIидзэ къэралитхум я дунейпсо зэгухьэныгъэщ: Бразилие, Урысей, Индие, Китай, Африкэ Ипщэ Республикэ. Ауэ абыхэм я бжыгъэм зэрызиубгъунур нэрылъагъущ. Тыркур НАТО-м зэрыхэтым щхьэкIэ къэмынэу, БРИКС-ми хыхьэну хуит ящIынущ.

ЗэIущIэм и кIэм Путин Владимир захуигъэзащ Къэзан къалэм щыпсэухэм: «Гугъу фызэредгъэхьари къыдгуроIуэ, хьэщIэхэр дгъэтыншын папщIэ, гъуэгу щхьэхуэхэр зэхуэтщIащ, къинэмыщI зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэри ди хьэтыркIэ фигу тевгъэхуащ. ФIыщIэ фхузощI, ди щхьэр лъагэу дывгъэлъагъужу, ди хьэщIэхэр зыхуей зэрыхуэвгъэзам папщIэ».

Езыр зэрекIуэкIар жэщиц-махуищми, Къэзан зэхуэсышхуэм жэщибл-махуиблкIи тепсэлъыхьын пхуэухынукъым. Сыт нэхъри нэхъ хъуэпсэгъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыт щытыкIэ дыдэм ит Тэтэрстаным къэрал мыхьэнэ зиIэ апхуэдэ зэIущIэшхуэр екIурэ-ещхьу зэрырагъэкIуэкIыфам.

## Сэ фIыуэ услъэгъуащ

**БлэкIа илъэсым гулъытэ нэхъыбэ хуэтщIыпхъэу дызытеплъэкъукIахэм яхыубжэ хъунущ Пушкин Александр илъэс 225-рэ зэрырикъуар. Дауи, усакIуэм и цIэ къидмыIуауэ щыткъым, итIани, адыгэхэр къызэригъэлъэгъуа и лъэныкъуэкIи, езым и лъагагъкIи, усакIуэшхуэм теухуауэ тщIэми, абы и тхыгъэхэм щыщу адыгэбзэкIэ щыIэхэми я гугъу зэрытщIам зыгуэр дыщIыдгъужыныр лейкъым.**

ДУНЕЙПСО классикэр адыгэбзэкIэ зэхахыным, урысыбзэм абыхэм ярита зыхэщIэныгъэхэм я къарур адыгэбзэми нагъэсыным хуэпабгъэ тхылъеджэ гумызагъэхэм щIэхщIэхыурэ дигу къагъэкIыж усакIуэшхуэхэмрэ тхакIуэшхуэхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр. Пушкин и гугъу тщIымэ, абы и «Евгений Онегин» романыр псом япэ зэридзэкIауэ щытащ Тхьэгъэзит Зубер. ЗэманкIэ зэрагъэхьышхуэ щымыIэу, абы къыкIэлъыкIуащ зи ахърэтыр нэху хъун Щауей Мидэ и зэдзэкIыгъэмрэ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор Хьэмыз Руслан еймрэ. Нэхъ пасэу дунейм къытехьакIэт Уэрэзей Афлик и «Кавказ гъэрыр». ЩIэуэ къыдагъэкIыжамэ, дэгъуэ хъунут Къардэн Бубэ адыгэбзэм кърigъэзэгъа «Капитаныпхъури».

Ауэ нобэ дызытепсэлъыхьынур зы усэ закъуэщ. Ар иджыблагъэ телеграм напэкIуэцIхэм адыгэбзэкIэ щызэIэпахыу къытIэрыхьа «Я вас любил» («Сэ фIыуэ услъэгъуащ») усэ цIэрыIуэрщ. ЗэдзэкIыгъэр зейр Тхьэгъэзит Зуберщ:

**ФIыуэ услъагъут: иджыри ар къухьэжу**
**Ихужыпауэ гум къыщIэмыкIын.**
**Ауэ афIэкI сэ узгъэпIейтеинкъым,**
**Сыхуейкъым зыкIи сэ усщIын Iэнкун.**
**Псалъэншэ-гукъеуэншэу псэр пхуэмахэт,**
**КъыптегужьеикIауэ зихузт псэм.**
**Сэщхьу пхуэIэфIу, и гум ухимыхыу,**
**НэгъуэщIми фIыуэ уилъагъун ищI Тхьэм.**

Тхьэгъэзитым и зэдзэкIыкIэ Iэзагъым лейуэ тепсэлъыхьыжыни хуейкъым. Сыт хуэдэ упщIэми и жэуапщ абы илъэсипщI зытригъэкIуэда «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлIыр». КъызэрыщIэкIымкIэ, Пушкиным и мызакъуэу, мы усэми и ныбжь зэпэбжыр егъэлъапIэ. Ар дунейм къыщытехьар усакIуэр илъэс 30 щрикъуа 1829 гъэрщ, япэу къызытехуар «Ищхъэрэ вестник» журналырщ.

Илъэс щитI ипэкIэ зэхалъхьа усэр хэту пIэрэт усакIуэм зыхуигъэфэщар? А упщIэм и жэуапым нэхърэ мынэхъ гъэщIэгъуэну уи фIэщ хъуркъым усэм и гъэпсыкIэ телъыджэр. Бзэ тыншкIэ зэрытхам нэмыщI, «сэ фIыуэ услъагъуащ» псалъэуха закъуэр игъэкIэрахъуэурэ, усакIуэм а псалъитI-щым къарыкIым зрегъэубгъури, ар зыхуагъэфэща хъыджэбзым и цIэм мыхьэнэшхуэ имыIэж хуэдэу мэхъу. Мы усэр зэрызэрамыдзэкIа бзэ къызэрымынэжам хуэдэу, ар нобэми фIыуэ ялъэгъуахэм хурагъэхь. Адыгэбзэр къатщтэмэ, «сэ фIыуэ услъэгъуащ» япэ псалъэухар «услъагъуу щытащ зэгуэрым», «лъагъуныгъэ пхуэсщIащ», «иджыри фIыуэ узолъагъу» мыхьэнэ зыбжанэм хубохьыф. Зы зэдзэкIакIуэ щыIэ къыщIэкIынкъым къигъуэта псалъэхэр зэрыхъукIэ оригиналым тригъэхуэну хуэмейуэ, ауэ къуиту пIэрэ адыгэбзэм апхуэдэ Iэмал? Къуимыттэмэ, Тхьэгъэзитми усэр хузэдзэкIынтэкъым!

Литературоведхэм зэраIуатэмкIэ, мы усэр Пушкиныр и сабиигъуэм здэкIуэрейуэ щыта, Художествэхэмкiэ академием и унафэщI Олениным ипхъу Аннэщ зыхуигъэфэщауэ щытар. Лицейр къиуха нэужь, щыцIыкIум куэдрэ щыхьэщIа унэм я хъыджэбз цIыкIур зэманкIэ имылъэгъуауэ, къыщекIуэлIэжым, Пушкиным ар къызэрыжэпхъами, хъыджэбз дахэ зэрыхъуами, псэлъыхъухэр зэрикуэдми гу лъитати, арауэ хуагъэфащэ блэкIа зэманым иту и лъагъуныгъэр къыщIиIуатэр. А лъэхъэнэм «альбомхэр» зезыхьэу щыта хъыджэбзхэр езыхэри литературэм хуэхейтэкъым. Оленинэм и кIэм нимыгъэса романым Пушкиныр къыщыхощ «нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэу ицIыхухэм язу».

Пэжи пцIыи, ауэ Пушкиныр Оленинэм и ужь итауэ, уеблэмэ «къыздэкIуэ» жриIарэ къимыдауэ къахутащ. ЖызыIэ щыIэщ, абы иужькIэ усакIуэр щхьэгъусэ хуэхъуа Гончаровэм лъыхъуауэ. Оленинэр усакIуэм къызэрыщыхъуу щытар къигъэлъагъуэу къафIощI «Евгений Онегин» романым хъыджэбз «щIыкIафIэрэ бзаджэу» зыгуэр зэрыхигъэувам. А псом дэ худиIуэхур усэр дахэ зэрыхъуарщ.

Зи гугъу тщIы усэр апхуэдизкIэ цIэрыIуэти, усакIуэ куэдым абы и япэ сатырхэм нэгъуэщIхэр къыпагъэувэурэ, езыхэм усэщIэ ятхащ. Апхуэдэхэщ Бродский Иосиф, Пригов Дмитрий, Соснорэ Виктор, къинэмыщIхэр. АдэкIэ а сатырхэм романсхэр къыхащIыкIыжащ, ар уеблэмэ ди уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Тут Заури жеIэ.

Ямб усэ гъэпсыкIэм иту тха мы сатырхэр апхуэдизкIэ я ухуэкIэкIэ къызэрыгуэкIщи, щэхуу яхэлъым нэм зыкъызэрыщIимыдзэмкIэ укъагъэуIэбжь. Зэ Iуплъэгъуэкlэ, и мыхьэнэр къызэрыгуэкI дыдэщ: «Зэгуэр фIыуэ услъэгъуащ, ауэ иджы ар къыпфIэIуэхун хуэдизу, сэри къызэхьэлъыкIыжкъым, укъызэрысхуэмейр сощIэри. Ауэ сэ сызэрыббгъэдэтам хуэдэу, гу къабзэкIэ фIыуэ укъэзылъагъун цIыху бгъуэтыжыну си фIэщ хъуркъым». Аращ Тхьэгъэзитым «НэгъуэщIми фIыуэ уилъагъун ищI Тхьэм» сатырхэмкIэ къигъэлъэгъуа гурыщIэ нэхъыщхьэ дыдэр. ИтIани, япэ сатырым «фIыуэ услъагъуу щытащ» зэрыжиIэмрэ, етIуанэм «фIыуэ услъагъут» зэрыжиIэмрэ урысыбзэм къызэрыщыгъэлъэгъуар зызымыхъуэж псалъэухакIэщ: «я вас любил». Адыгэбзэм а тIуми нэгъуэщI псалъэхэр къыщыхуэплъыхъуэн хуей мэхъу.

Пэжыр жыпIэмэ, уигу хагъахъуэркъым «адыгэхэм «сэ фIыуэ узолъагъу» жаIэркъым», «адыгэхэм «си нэхэм фIыуэ уалъагъу» жаIэурэщ лъагъуныгъэр къызэраIуатэр» псалъэхэр зэIэпахыурэ, интернет губгъуэм «зыщызыгъэгубзыгъэхэм». Пэжщ, адыгэ гухэлъ къэIуэтэкIэм шыIэныгъэр нэхъ щытепщэщ, уеблэмэ щауэр цIыхухэм къалъагъуу и лэгъунэм щIыхьэжкъым жыхуаIэ хабзэжьым хамэхэр къигъэуIэбжьу апхуэдэт. Абы къигъэлъагъуэр лъэпкъым и гухэлъ хъумэкIэрщ, и губыдагъракъым. Адыгэхэм я лъагъуныгъэ къэIуэтэкIэми хэлъэтрэ шэрыуагърэ щыгъунэжщ. «Си нэм фIыуэ уелъагъу» псалъэхэм къарыкIри «фIы фIэкIа пхэслъагъуэркъым» мыхьэнэрауэ къыщIэкIынущ нэхъ зыхуэшапхъэр.

Фэ дауэ фегупсысрэ а псом? Дауэ зэвдзэкIынт илъэси 195-рэ ирикъуа Пушкиным и сатыр цIэрыIуэхэр?

## «Кавказым и бзылъхугъэхэр: къару, щIэныгъэ, лъэкIыныгъэ»

**Жэпуэгъуэм и 25 - 27-хэм Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIащ КъБР-м и республикэ, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм щылажьэ бзылъхугъэ-къулыкъущIэхэм папщIэ «Кавказым и бзылъхугъэхэр: къару, щIэныгъэ, лъэкIыныгъэ» зыфIаща Iуэхур. Ар и лэжьыгъэщ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ къызэрагъэпэща «Эльбрус» корпоратив университетым. Къалэн нэхъыщхьэри - республикэм ис унафэщIхэм я зэфIэкIымрэ щIэныгъэмрэ хэгъэхъуэнырщ, Iуэху зехьэкIэм и Iэмалхэм хэгъэгъуэзэнырщ.**

«КАВКАЗЫМ и бзылъхугъэхэр: къару, щIэныгъэ, лъэкIыныгъэ» Iуэхур гъэзэщIа мэхъу КъБР-м и Парламентыр, Профсоюзхэм я федерацэр ядэIэпыкъуу. Абы холэжьыхь Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэр, министерствэхэм, ведомствэхэм, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм щыIэ къулыкъущIэхэр. КъБР-м и Архив IуэхущIапIэм къыбгъэдэкIыу хэтащ иджырей тхыдэм и дэфтэрхэмкIэ центрым и унафэщI Мэмбэт Еленэ. Видеозэпыщ IэныгъэкIэ бзылъхугъэкъулыкъущIэхэм зыкъыхуагъэзащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэу Когогинэ Альфиерэ Родинэ Викториерэ, КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэт. ЗэIущIэр ирагъэкIуэкIащ «Деловая Россия» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Гузеевэ Индирэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, психолог Хьэмыз Аслъэн, ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ советым хэт, режиссёр, проектхэмкIэ продюсер Овдиенкэ Юлие сымэ. Абы къыщыпсэлъащ «Урысейр Iэмалхэр щыкуэд къэралщ» Iуэхущlэхэр, жэрдэмхэр гъэкIуэтэнымкIэ АНО-м и агентствэм и щIыналъэ къэпщытакIуэхэм яхэт Сапуновэ Юлие. Аращ езыгъэкIуэкIар езым иубзыхуа Iэмалхэм теухуа дерсхэр.

«Кавказым и бзылъхугъэхэр: къару, щIэныгъэ, лъэкIыныгъэ» Iуэхум хэта дэтхэнэми къыхихащ и IэнатIэм къыщыхуэсэбэпын щIэныгъэрэ гупсысэрэ. Мыр япэ Iыхьэу аращ. АдэкIэ абы хэтхэм къапоплъэ псэукIэр егъэфIэкIуэным и хэкIыпIэхэр къыщагъэлъагъуэ проектхэр зэхагъэувэным теухуар.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

## Ди лъэпкъ макъамэр жыжьэ щоIу

**Дуней псор къызэщIэзыкъуэ Интернетым ифIхэм ящыщ зыщ дэнэ щIыпIи щыпсэу адыгэхэр зэрыщIэу, зылъыгъуазэу, уеблэмэ зыгуэрхэр зэдащIэфу зэрызэпищIэр. Апхуэдэ Iуэху дахэ иджыблагъэ къыщыхъуащ Италием и Падуи провинцэм и Вескованэ къалэм: абы къыщызэIуахащ ди лъэпкъым къыхэкIа хэхэс сабийхэм папщIэ макъамэ школ. Ар зи жэрдэмыр зыкъом щIауэ Италием щылажьэ, щыпсэу адыгэ щIалэ Апыч Азэмэтщ.**

- IУЭХУР къыщежьар школыр къызэзыгъэпэща Мильорини Сильвие, Мильорини Сарэ, Фереттэ Евэ сымэ адыгэ макъамэхэм еуэу ИнтернетымкIэ къэтлъагъури, запытщIауэ, ныбжьэгъу дызэхуэхъуауэ аращ. ДызэгурыIуащ адыгэ сабийхэр абы тшэуэ макъамэм хуедгъэджэну, пшыхьхэр къызэдгъэпэщыну, ди щэнхабзэм, ди къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ щыдгъэгъуэзэну. Къэбгъэлъагъуэмэ, школыр нэгъэсауэ адыгэ унэщ, ди ныпри фIэдзауэ хуарзэу. Ди щэнхабзэри уэрэдхэри гунэс щохъу Сильвие, апхуэдизкIэ фIыуэ дыкъилъэгъуащи, къыддэлэжьэну, адыгэ лъэпкъыр псоми къаригъэцIыхуну хуейщ.

Иджыблагъэ еджапIэм и лъэтеувэ щIыкIэу къызэрагъэпэща зэIущIэ екIуэкIащ. Абы къекIуалIэ италян сабийхэм я концерт программэр ягъэлъэгъуащ, классикэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ адыгэ макъамэ дахэхэм еуащ. ЖыпIэнурамэ, псори къыщIежьэжа я хъуэпсапIэр зрагъэхъулIащ. Зэман зэмылIэужьыгъуэхэм Европэм къыщалъхуауэ е абы Iэпхъуауэ щыпсэухэр кърегъэблэгъат Азэмэт. ПщIантIэм хуиту щекIуэкIа зэIущIэ дахэм зыкърагъэхьэлIащ и ныбжьэгъуу, благъэу гъунэгъу щIыналъэхэм, къэралхэм, псалъэм и хьэтыркIэ, Голландием, Италием, Германием, нэгъуэщI щIыпIэхэми щыпсэухэм.

«Гъунэгъуу дыщыIэу къыщIэкIри, дэри дыхэтащ пшыхьым, - жеIэ сурэтыщI, IэпэIэсэ, Германием щыпсэу Хъалил Миланэ. - Си щхьэгъусэ Хъалил Болэт адыгэ уэрэдыжьым теухуа и къэхутэныгъэхэм, зэхуихьэсахэм яхутепсэлъыхьащ. Ди ныбжьэгъу Къуэдзокъуэ Тимур и гъусэ музыкантхэр щIыгъуу, уэрэд зыбжанэ ягъэзэщIащ. Дызэрихабзэу, гуфIэгъуэ пшыхьым и кIэухыу адыгэ джэгу тщIыжащ».

Iуэху дахэр зи жэрдэмхэми абы хэлIыфIыхьа дэтхэнэми ехъулIэныгъэ яIэну, абы къыпезыгъэщэн гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщIэну, хабзэ яхуэхъуну ди гуапэщ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

## Балакиревым и «Ислъэмейр»

**Балакирев Милий (1837 - 1910) композиторыр «Гуп лъэщ» («Могучая кучка») жыхуаIэ композитор зыбжанэм ящыщт, уеблэмэ я къызэгъэпэщакIуэу къэплъытэ хъуну. Адыгэ пшыналъэхэм зыкIи емыщхь абы и лэжьыгъэхэр ди дежкIэ гъэщIэгъуэн зыщIыр «Ислъэмей» зыфIища и макъамэрщ.**

ЗЭРЫЖАIЭЖЫМКIЭ, Балакиревыр Кавказым щэнейрэ къэкIуащ, ар зрихьэлIари адыгэм нэхъ гуащIэу зыхищIа 1862, 1863, 1868 гъэхэращ. «Ислъэмейр» композиторым Мэзкуу игъэзэжа нэужь, 1869 гъэм, зэхилъхьащ. Музыкэ щIэныгъэбзэкIэ абы зэреджэр мыпхуэдэущ: «фортепьянэм папщIэ къухьэпIэ фантазие». А фIэщыгъэм щIэту «МузыкэмкIэ щIэнгъуазэм» «Ислъэмейм» теухуауэ етх: «Фортепианэм папщIэ Балакиревым зэхилъхьа макъамэхэм я лъагапIэу къэплъытэ хъуну лэжьыгъэщ «Ислъэмейр». Мыр езы Балакиревыр къозыгъэцIыхухэм ящыщщ. Япэрауэ, къуэкIыпIэ щэнхабзэм зэрыдихьэх хьэлымкIэ; етIуанэрауэ, и макъамэтх Iэмалхэм зэрызихъуэжар къэзыгъэлъагъуэ щапхъэу. Пьесэр, къуэкIыпIэ темэ дыдэу къэплъытэ хъунущ, IыхьитIу зэхэтщ: япэр - къэбэрдей къафэ «Ислъэмейр» аращ (абы пьесэм и цIэр фIащыжащ); етIуанэр - кърым-тэтэр бзылъхугъэ уэрэдщ. ТемитIри гукъыдэж къагъэлъагъуэмкIэ зэтехуэркъым. Япэрейр кавказ макъамэ Iэмэпсымэкlэ ягъэзащIэ, жьы зыщIэт макъамэ псынщIэщ, «фа» нотэм нэхъ тещIыхьауэ. Ар бгырыс хахуагъ уигу къэзыгъэкI макъамэ «гуащIэу» плъытэнумэ, етIуанэр - щабэу, лантIэу, бзылъхугъэ хьэлым нэхъ иупхыу щыт пшыналъэщ. Шопен, Лист сымэ ятха макъамэ балладэхэми ещхьщ. «Ислъэмейр» фортепианэм хуэIэзэ узыщI макъамэ гъэщIэгъуэнщ: аккордхэр, октавэхэр, нотэ тIуащIэхэр, пассажхэр хэту. Мэжэр композитор Лист Ференц и еджакIуэхэм а макъамэр яригъэгъэзэщIэну ифIэфI дыдэт, езым зэхилъхьэхэм зэрещхьым къыхэкIыу. Псоми ящIэ Лист урыс композиторхэр фIыуэ илъагъуу зэрыщытар».

Балакиревыр 1862 гъэм и гъэмахуэм Стасов Владимир хуигъэхьа тхыгъэм Псыхуабэ къызэрыщыхъуам щытепсэлъыхьырт: «Лермонтовым и хьэуакIэ собауэ... Итхахэр аргуэру зэ щIэзджыкIыжауэ, мыр жызоIэ: урысыбзэкIэ ятха псоми Лермонтовым ейхэм хуэдэу си гум лъэIэсыф яхэткъым. Дэ икIи куэдкIэ дызэтохуэ. Сэри, Лермонтовым ещхьу, щIыуэпсыр сфIэфIщ, абы хуэдэ дыдэу ар кууэ зыхызощIэ, шэрджэсхэри, я фащэм деж щыщIэдзауэ (адыгэ фащэм нэхърэ нэхъыфI щыIэу сщIэркъым) сигу ирохь. Си гум пшынэ Iэпэ куэд иIэщ, Лермонтовыр еIусэху, зыкъызагъащIэу». 1863 гъэм Балакиревыр Железноводск, Нартсанэ, Псыхуабэ пианисту щыIащ, Лермонтовыр здэщыIа щIыпIэхэм зыщиплъыхьащ, бгырыс макъамэхэм едэIуащ, бгырысхэм къагъэщхьэпэ макъамэ Iэмэпсымэхэр зригъэцIыхуащ. Иужь дыдэу ар Кавказым щыщыIар 1868 гъэращ. Кавказым и дунейм цIыхум зыхригъащIэ хуитыныгъэ хъуапсэр абы къыщигъэлъэгъуащ «Мцыри» поэмэм хузэхилъхьа макъамэм. Лермонтовым и псалъэхэр къигъэсэбэпурэ, Балакиревым и «КъухьэпIэ Iэрамэм» папщIэ уэрэдищ зэхилъхьауэ щытащ. Абыхэм ящыщщ «Исмэхьил-бейм» хэт «Адыгэ уэрэдыр», «Мцыри»-м щыщ бдзэжьейм теухуа уэрэдыр, нэгъуэщIхэри. А псоми ящIэтыр макъамэ щабэщ.

Макъамэтххэм зэрыжаIэмкIэ, шэч закъуи хэлъкъым Балакиревыр «Ислъэмейм» елэжьыныр абы Рубинштейн Николай ныбжьэгъу къызэрыхуэхъуам зэрепхам. Лист Ференц ещхьу, лъэпкъ макъамэхэр фортепианэм папщIэ щызэхилъхьэкIэ, Балакиревым абы лъэпкъ хьэлыр химыгъэкIыу, уеблэмэ нэхъ къыхэщу къызэригъэнэным хущIэкъуурт. Апхуэдэщ абы и къэбэрдей къафэр. Егъэлеяуэ щIэщыгъуэ «Ислъэмейм» и макъамэм абы хуэфэщэн пщIэ щригъэгъуэтащ музыкэм елэжь IэщIагъэлIхэм я деж.

*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар*
**ЧЭРИМ Марианнэщ.**

*Зыгъэхьэзырар* **ГУГЪУЭТ Заремэщ**.

# Iущагъ къыхэфх

***Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Шэджыхьэщ Iэ Хьэмыщэ адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ. Абы и къалэмым къыщIэкIа рассказхэр, повестхэр, романхэр цIыхухэм фIыуэ ялъагъу. Шэджыхьэщ Iэм итхащ сабийхэм папщIэ Iуэтэжхэри.***

***Абыхэм фIым ухуаущий, гуапэу ущытыным ухуагъасэ, дерс къызыхэпх хъун Iуэхугъуэхэр щыIупщIщ. ГъэщIэгъуэнщ Хьэмыщэ тхыгъэхэмкIэ ныбжьыщIэхэр къыдихьэхын папщIэ къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр, абы лIыхъужьхэр зэрызэригъэпсалъэр, хъуэр псалъэхэр къызэрихьыр, гушыIэр тхыгъэхэм зэрыхиухуанэр. Фыкъеджэ Шэджыхьэщ Iэ Хьэмыщэ и Iэдакъэм къыщIэкIа «Сыт джэдум шха нэужь зыщIитхьэщIыр?» рассказым.***

# Сыт джэдум шха нэужь зыщIитхьэщIыр?

СЭ сызыщIэс унэм зэныбжьэгъу щIалэ цIыкIуитI щопсэу - Мыхьмудрэ Мысхьудрэ. Сэ абыхэм куэдрэ сахуоэз. Хъыбар, таурыхъ жытIэу жэщыр хэкIуэтэху тетIысхьэпIэм дыщытес щыIэщ. Зэхыумыхауэ уи фIэщ хъункъым а тIум таурыхъыу ящIэр! Я таурыхъ жыIэкIэри гъэщIэгъуэнщ. Псалъэм папщIэ, Мыхьмуд мыпхуэ-дэу жиIэнщ: «ПцIащхъуэр щIымахуэм щIыпIэ хуабэ мэлъэтэж, ауэ а зыдэлъэта щIыпIэм абы къыщришыркъым. Сыт апхуэдэу щIыщытыр?» Мысхьуд абы теухуауэ таурыхъ, хъыбар ищIэмэ, жиIэнущ, имыщIэмэ, къуажэ къритынущ.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым лэжьапIэ сыкъикIыжауэ сыщыдыхьэжым, зэныбжьэгъуитIыр тетIысхьэпIэм тес-ти сэри сабгъэдэтIысхьащ...

- Сыт джэдум шха нэужь зыщIитхьэщIыр? - жеIэ Мысхьуд.

- Уэ езым пщIэркъым ар, - къодзэлашхэ Мыхьмуд.

- Уэи сощIэм!

- Уэи умыщIэ! КъакIуэ баз!

- КъакIуэ! СщIэмэ, уи сэ жаныр къызыбот.

- Узот. ЖыIэ.

- Къедалуэ-тIэ. Бзу гуэрым бабыщхэм хуапхъа хугур ищыпу щIидзащ. Пырхъуэ лъабжьэм щIэлъ Джэдуужьыр бзум кIэлъыплъурэ, гъунэгъу зыхуищIырт. Хуэмурэ бзур игъэбэлэрыгъщ, пхъуэри къиубыдащ.

- Пщэдджыжьышхэ дэгъуэ къысIэрыхьащ, - жиIащ джэдуужьым.

- Сыт жыпIэр, кIущэ-нау? - къэщтащ бзур. - Сыпшхыну ара?

- НтIэ сыноплъу сыщысын уи гугъэ? - джэдуужьым и нэщхъыр зэхиукIащ.

- Сыту умукIытэрэ, джэдуужь, - жеIэ бзум, - зэплъыжыт: уэ иджыри зыптхьэщIакъым. ПщыгъупщэжауэарашхэнымипэкъихуэузызымытхьэщIпсэущхьэзэрыщымыIэр?

- Уэи, ари пэжым, - жиIащ джэдуужьым.

Бзур игъэтIылъри, и лъапэхэмкIэ и напэр зэпилъэщIыхьу хуежьащ.

Джэдуужьым зитхьэщIыху бзур ежьэнт?! Хуит зэрыхъуу, лъэтэжри - макIуэмэлъей!

Джэдуужьыр къэгубжьащ. ТопкIэ, тоуэ, мэпщIэу.

- Сэ дяпэкIэ сыкъэпцIэжынкъым, м-м-м, - гурымырт джэдуужьыр, бзум кIэлъыплъурэ. - ДяпэкIэ хэт хуейми зэрыхуейм хуэдэу ирещI, ауэ сэ сымышхауэ зыстхьэщIынукъым.

Аращи, абы лъандэрэ джэдухэм мышхауэ затхьэщIыркъым. КъыбгурыIуа, Мыхьмуд? Къащтэ иджы уи сэ жаныр.

- Мыхьмуд и жагъуэ хъуащ, - жысIащ сэ, щIалэ цIыкIум и ныбжьэгъум сэ жаныр къриту IукIыжа нэужь.

- Абы и жагъуэ хъун щызэхихынур унэм щIыхьэжа нэужьщ, - къыпыгуфIыкIащ Мысхьуд.

- Ар сыту? КъэхъуаIа?

- Ауэ сытми къэхъуа! Мыхьмуд зэрыщIыхьэжу а таурыхъ дыдэр и анэшхуэм къыжриIэнущ, и къуэрылъхур сэ къыстригъэкIуэн щхьэкIэ. Нанэм я гъунэгъу фызым нобэ жриIэу зэхэсхащ. Сэ сыкъамыщIэу сакIэщIэдэIухьри, япэ зизгъэщауэ аращ.

- Фэри! Хъуэжэ зырикIщ, фэ фэлъытауэ... - сыкъэтэджыжащ сэ сыдыхьэшхыурэ.

# Адыгэхэмрэ вагъуэхэмрэ

**Адыгэхэр вагъуэхэм иригъуазэу къэгъуэгурыкIуащ. Къэрмокъуэ Хьэмид зэритхыжамкIэ, гъуэгу техьамэ, зекIуэлIым гъуазэ иIэн хуейщ, гъуэгум щымыгъуэщэн щхьэкIэ.**

ПСЫЖЬРЭ Тэнрэ яку дэлъ губгъуэ нэщIым щихьэкIэ, адыгэ шум и гъуазэт уафэ бзыгъэм къитIысхьэ вагъуэхэр. Шыхулъагъуэм иригъуазэурэ, ар Тэн зэпрыкIырти, Индыл нэсырт, гъуни нэзи зимыIэ губгъуэ нэщIым щигъуэщыхьи къэхъуртэкъым. ЗекIуэлIым дежкIэ гъуазэ хъурт Вагъуэ закъуэр, Вагъуэбашыр, Вагъуэабрэджыр, Нэхущвагъуэр, Вагъуэзэшиблыр, Вагъуэбыныр. Вагъуэзэшиблым зигъазэмэ, нэху зэрыщыр ищIэрт зекIуэлIым, и пIэм зэи имыкI Вагъуэзакъуэм иригъуазэурэ, ипщэри ищхъэрэри, къуэкIыпIэри къухьэпIэри игъэнахуэрт. Вагъуэхэм иригъуазэурэ шу гупыр зекIуэ зышэф шу пашэм пащI щыIакъым, апхуэдэ шу пашэм пщIэ ин дыдэ иIэт, зекIуэ ежьэн хъумэ, дзыхь ирагъэзырт, ар я пашэмэ, зэрымыгъуэщэнур ящIэрти.

Гъэ зэблэкIыгъуэр къызэращIэ гъуазэхэм ящыщщ ВагъуэбэкIэ зэджэр. Пасэрейхэм гу лъатащ Вагъуэбэр «щIым къыщыхэкIым», ар «гъавэм щыхэплъэм», «жыг щхьэкIэм щыхыхьэм», «щIым щыхыхьэжым». Гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэм (гъатхэпэм и 21 - 22-хэм) Вагъуэбэр щIым къыхэплъауэ ялъытэрт: махуэмрэ жэщымрэ я кIыхьагъкIэ зэхуэдиз хъурт абдежым.

Гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэм илъэсыщхьэкIэ еджэу щытащ, гъатхэр къихьауэ щабжыр а махуэрат. Вагъуэбэр «гъавэм къыхэплъамэ» (мэкъуауэгъуэм и 21 - 22-хэм), нэгъуэщIу жыпIэмэ, махуэм щикIыхьыгъуэм, жэщым щикIэщIыгъуэм, гъэмахуэр къихьауэ ялъытэрт. Вагъуэбэр «жыг щхьэкIэм хыхьамэ» (фокIадэм и 21 - 22-хэм - махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдиз щыхъужым), бжьыхьэр къихьауэ ялъытэрт, ар «щIым хыхьэжамэ» (дыгъэгъазэм и 21 - 22-хэм - махуэм щикIэщIыгъуэмрэ жэщым щикIыхьыгъуэмрэ), щIымахуэр къихьауэ ябжырт.

**НАФIЭДЗ Данэ.**

● Гъэщ Iэгъуэнщ

# ГъущI Iунэм и тхыдэр

ГЪУЩI Iунэр къагъэсэбэпу щытащ пасэрейхэм. Пэжщ, ахэр къыхэщIыкIат пхъэм е къупщхьэм. Жэзым къыхэщIыкIа гъущI Iунэ къыщагъэсэбэпу щIадзауэ щытащ Пасэрей Мысырым. Археологхэм Шотландием къыщагъуэтыжащ ди эрэм и пэкIэ I лIэщIыгъуэм ящIа гъущI Iунэ.

XIX лIэщIыгъуэм гъущI Iунэхэр егъэлеяуэ лъапIэт, ахэр IэкIэ ящIу арати. Урысейм пасэм щыгъуэ пщIэ зиIэ IэщIагъэу щыIащ гъущIIунащIэр. ГъущI гъэплъар мыупщIыIуж щIыкIэ абы гъущI IунитI къыхэзыщIыкIыфыр а IэщIагъэм икъукIэ хуэIэижьу къалъытэрт.

● Нэщэнэхэр

- **Нэр плъызмэ, хьэщIэ къокIуэ.**
- **Уи бзэгум уедзэкъэжмэ, лыщIэ пшхынущ.**
- **Унэ кIуэцIым ущыфиину фIыкъым.**
- **ХъумпIэдзэджыгъуэ пкъутэмэ, уэлбанэ мэхъу.**
- **НапэмытхьэщIу ерыскъым еIэбыркъым.**
- **Бещтоижьыр къепщэмэ, гъэр гъэфI мэхъу.**

● Щэнхабзэ

# Насыпышхуэщ узэгурыIуэныр

**Налшык къалэм НыбжьыщIэхэм я театрым щокIуэкI «Ди зэкъуэтыныгъэрщ ди къарур» лъэпкъ щэнхабзэ фестивалыр. Ар къызэрагъэпэщащ Налшык къалэ администрацэм ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ и управленэмрэ Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэ ЩэнхабзэмкIэ фондымрэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэмрэ я дэIэпыкъуэгъуу.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ центрхэр фестивалым хэтащ, я фэилъхьэгъуэхэмрэ къафэхэмрэ ягъэлъагъуэу, я уэрэдхэр ягъэзащIэу. Къинэмыщ Iауэ, зэхыхьэм и хьэщIэхэм лъэпкъ шхыныгъуэхэри Iуагъэхуащ. Концертыр ягъэдэхащ Налшык къалэм и курыт еджапIэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щIэсхэм.

- Мыпхуэдэ щэнхабзэ зэхыхьэхэм ущыхэхуэкIэ, умыпсалъэу нэхъыбэрэ удэIуэну ухуейщ. Мыбы щынэрылъагъущ ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрызэщхьэщыкIымрэ абыхэм зэщхьу яхэлъымрэ. Илъэс 14 хъуауэ екIуэкI фестивалым нэхъри зеубгъу, йофIакIуэ! - жиIащ КъБР-м и Парламентым егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Iэминат къыхигъэщащ фестивалым хэт лъэпкъхэр зы унагъуэшхуэм зэрыхуэдэр. Зи блэкIари къэкIуэнури зэхуэдэ лъэпкъхэм ди зэхуаку мамырыгъэрэ зэгурыIуэрэ зэрыдэлъыр насыпышхуэу къызэрилъытэр щIигъужащ абы.

ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ипэ къихуэу къызэрагъэпэща фестивалым хэтахэм жаIащ лъэпкъхэм я щэнхабзэр гъэлъэгъуэныр гукъинэжу къазэрехъулIар, Урысейм и къулеигъэ нэхъыщхьэр абы щыпсэу лъэпкъхэр, абыхэм яку дэлъ зэкъуэтыныгъэр зэрыарар.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Джамбулэт, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым и унафэщI Мэкъуауэ Люазэ, Налшык къалэ администрацэм и лIыкIуэ АфэщIагъуэ Анзор.

Фестивалым и къэпщытакIуэ гупым хэтащ щэнхабзэм я лэжьакIуэхэр, артистхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

**ТЕКIУЖЬ Зарет Iэ.**

# Адэ-анэхэм я лэжьапIэм

**Урысей Федерацэм и Суд приставхэм я махуэм ирихьэлIэу, КъБР-м щыIэ УФССП-м щрагъэкIуэкIащ Iуэху.**

УРЫСЕЙМ и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм ныбжьыщIэхэм Iэмал щагъуэтащ а IэнатIэм я адэ-анэхэм щалэжьым зыщагъэгъуэзэну.

Сабийхэм гуапэу къахуэзащ управленэм и унафэщI Бауаев Ахьмэт икIи къажриIащ суд приставхэм я лэжьыгъэм жылагъуэм дежкIэ иIэ мыхьэнэр. Суд пристав нэхъыщхьэм и Iэ щIэдзауэ тхылъ гъэщIэгъуэнхэр цIыкIухэм кърит ащ.

Сабийхэм я деж къэкIуащ Таджикаистанымрэ Афганистанымрэ щекIуэкIа зауэ Iуэхухэм я ветеран Шевчук Герман. Ар ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ я адэшхуэхэм, абыхэм я адэжхэм зэрахьа лIыгъэм икIи жиIащ абыхэм я фэеплъыр щIэблэм яхъумэн зэрыхуейр.

КъБР-м щыIэ УФССП-м зыхэплъэн хуей дэфтэр куэд къыIэрохьэ, лэжьыгъэр я куэдщ, итIанэми гулъытэ хэха хуащI сабийхэм, адэ-анэхэр щылажьэр ящIэн, абыхэм я IэщIагъэм иригушхуэн зэрыхуейм трагъщIыхьри.

НыбжьыщIэхэм ящыщ куэдым жаIащ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ хъуну зэрыхуейр.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

# Мэзкуу зыхуагъэхьэзыр

● Дзюдо

**Жэпуэгъуэм и 26-27-хэм Налшык къалэм и «Гладиатор» спорткомплексым щекIуэкIащ «Кубок вызова» фIэщыгъэр зэрихьэу дзюдомкIэ ныбжьыщIэхэм 10-нэ дунейпсо зэхьэзэхуэ.**

АБЫ щызэпеуащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 40-м, Азербайджаным, Арменнием, Белоруссием, Таджикистаным, Грузием, Къыргъызым, Къэзэхъстаным, Узбекистаным я спортсмен, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 1054-рэ, я ныбжькIэ илъэс 11-13-м иту. Къыхэдгъэщынщи, апхуэдиз сабий зэуэ зыхэта зэхьэзэхуэ ипэкIэ зыщIыпIи щрагъэкIуэкIакъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм зэпеуэм медаль 11 къыщахьащ, абы щыщу тIур - дыщэу. Ар зыхуэзэфIэкIар Абазэ Самиррэ (кг 38-рэ) Къардэн Мухьэмэдрэщ (50 кг). Иджы абыхэм къапэщылъщ 2025 гъэм и щIышылэм Мэзкуу къалэм щекIуэкIыну «Локодзюдо» лигэм и суперфиналым хэтыну.

Мыдрейуэ, и хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупым етIуанэ увыпIэр къыщихьащ Ибрэхьим Ислъам (кг 66-рэ).

Ещанэ хъуахэщ ХьэщIэдыгъу Сэлдар (кг 34-рэ), Балэ Тамерлан (кг 50), Ацкъан Алимбэч (кг 55-рэ), Щоджэн Къаплъэн (кг 38-рэ), Хъуран Асхьэд (кг 50), Атабиев Щамил (кг 55-рэ), БищIо Даянэ (кг 33-рэ), МахуэлI Арианэ (кг 44-рэ) сымэ.

Ди командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Джэданэ Залым, Дзухэ Беслъэнрэ Залымрэ, Тау Азэмэт, Къамбий Мартин, Мамиконян Левон сымэ.

**ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.**

# Псалъэзэблэдз

**1**. ХьэщIапIэ бзу, бзууж кIапэху. **2**. Адакъэ мыщу хьэщIэщ кIуэрей. **3**. Махуэ псом мыпсэху, жэщ хъумэ бжэкъуагъым къуэувэж. **4**. Фыз фIыщIэ нэгъуд, щIым дыд хэзыIу. **5**. Тхьэмпэбгъуэ и къуэ хъуреижь. **6**. IэфIыр зыгъэдыдж, дыджыр зыгъэIэфI. **7**. Лъэмакъыншэу къэзыкIухь, хьэщIэ къихьэмэ мытэдж.

① ② ③  ④ ⑤ ⑥

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | | | | | | |
| | | 2 | | | | | |
| 3 | | | | | | | |
| | | | | 4 | | | |
| | | | 5 | | | | |
| | | 6 | | | | | |
| | | | 7 | | | | |

⑦

**ЖЭУАПХЭР:**

Псалъэхэм пэжу ирит-хэмэ къэхъу «Жэпуэгъуэ» жиIэу фыкъеджэнущ. 1.Къанжэ. 2. Щхьантэ. 3. Жыхапхъэ. 4. Уэшх. 5 Къэб. 6. Шыгъу. 7. Джэдуу.

*Зыгъэхьэзырар* **БИЦУ Жаннэщ.**


**Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ I Изэ.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:**

**редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.**
**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.**

**Къыдэзыгъэк Iхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымэ уэрам, 5**

**Индексыр П 5894**
**Тиражыр 1.466**
**Заказыр №2340**
**12+**

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.**

**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

**МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:**

*жэуап зыхь секретарь* **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.**

**357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.**